ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№139 (23.953) ● 2019 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 21, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэмащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ «Урысейм и транспортым» дунейпсо зэхуэсышхуэм

● Дыгъуасэ

КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ хэтащ Москва къалэм щекІуэкІа «Урысейм и транспортым» дунейпсо зэхуэсым и пленарнэ зэІущІэм. Форумым къыззрагъэпэщащ Транспортым и тхьэмахуэ-2019 Іуэхум хыхьэу.

«ТРАНСПОРТЫР Евразие зэдзэлэжьэныгъэм и лъабжьэщ» Іуэхум теухуа зэхуэсым и унафэщІт Урысей Федерацэм и Президентым щІыуэпсыр хьумэныжмкІэ, экологиемрэ транспортымкІэ и лІыкІуэ хэха Иванов Сергей, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэхэу Акимов Максимрэ Голодец Ольгэрэ, Урысей Федерацэм транспортымкІэ и министр Дитрих Евгений, Евразие экономикэ комиссэм и унафэщІ Саркисян Тигран, Дунейпсо транспорт форумым и Секретарь нэхъыщхьэ Ким Ен Тэ.

ЗэІущІэм щыхэплъащ Іэнатіэм къыхихьэ технологиещІэхэм зегъэужьынымрэ бжыгъэхэм хуэкІуэнымрэ, транспорт Іуэхутхьебзэхэр егъэфІэкІыжымрэ транспорт лІэужьыгъуэщІэхэр къыщІэгъэкІынымрэ, абыхэм я лэжьыгъэ зэтеухуэным, «ЭРА-ГЛОНАСС» Іэмалым зегъэужьынымкІэ щыІэ зэкІыпІэхэм, щыхуэхэр, хьэльэхэр гъэІэпхъуэным текІуадэр гъэмэщІа зэрыхьунум пыща Іуэхуэхм.

Апхуэдэуи зэпхърыхаэр телсэлъыхьащ гъэзугъэм шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыным, щынальэ гъуэгуэм я проектхэр и чэзум гъэхьэзырыным, ахэр фІагъышхуэ яІэу ухуэным икІи къэгъэсэбэпыным.

Урысей Федерацэм ТранспортымкІэ и министерствэм мы гъэм епщыкІущанэрэ иригъэкІуэкІ Транспорт тхьэмахуэр ящыщщ Іэнатіэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ дунейпсо Іуэхуэхм, абы щызэпкърах транспортыр къэгъэсэбэпыным пыща гугъуехьэр. Ахэр зэфІэгъэкІа зэрыхъум куэдкІэ елъытащ транспорт Іэнатіэм адэкІэ зэрызиужьыну щыкІэр. Мы гъэм Транспорт тхьэмахуэм кърихьэлІащ щІыхь мин 15. Зэхуэсышхуэм къыдэкІуэу, Транспорт тхьэмахуэм хыхьэу іокІуэкІ «Урысейм и транспортыр» дунейпсо выставкэр, СНГ-м хьыхь хэрэлажьэм Транспорт Іуэхум теухуа я зэзэгъэуІу зэхуэсым и лэжьыгъэр, Road Traffic Russia дунейпсо конференцыр, «Формула движения» VI Лъэпкъ саугъэтыр къэхьыным теухуа Іуэхуэхр, «Бжьыгъэхэр зи лъабжьэ транспортымрэ логистикэмрэ» зэгуэхьныгъэм и форумыр, Іэнатіэм екъэлІа нэгъуэщІ зэхьхьэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іа Іэ.

● КЪБР-м и Парламентым

Зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэр гъэсэным гулъытэ хуащІ

КЪБР-м законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр республикэм и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ иригъэкІуэкІащ. Правительствэм хуэхаха зэманым хиубыдэу абы щытепсэлъэхьащ зи ныбжьыр илъэсищым щІимыгъуа сабийхэр зэрыпсэкІэ къыззрыгъэпэщыр егъэфІэкІуэным.

КЪБР-м цІыхухэр егъэджэныжмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхмкІэ и министр **Къумыкъу Іэуес** депутатхэм я пащхьэ къыщыщыпсалъэм къыгъэлъэгъуащ зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийуэ республикэм 85708-рэ зэрисыр, абыхэм ящыщу 33805-м я ныбжьыр мазитІым щегъэжьауэ илъэсищым зэрэнэсыр.

2019 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм ирихьэлІэу зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийуэ мин 53-р садрэ ялъэу 239-м екІуалІэу щытащ. Абыхэм ящыщу зи ныбжьыр илъэсищым щІимыгъуа сабийуэ 10920-рэ зыхэт гуп 403-рэ пэжьащ. Министрым къиуа бжьыгъэхэм ятещІыхьауэ кьаплъэгъуэ, сабий нэхъыщІэ дыдэхэм я процент 95-р ялъэхэмкІэ къыззгъэпэщащ. Къумыкъу Іэуес депутатхэм ягу кІыгъэкІыжащ зи ныбжьыр илъэсищым щІимыгъуа сабий псори апхуэдэ Іуэхущ Іа Іэхэмкі 2021 гъэм ирихьэлІэу ирикъуу къыззрагъэпэщын хуейуэ Урысей Федерацэм и Президентым къыззригъэувар.

«Урысей Федерацэм и цІыхухэр фІагъ зиІэ псэуп Іэ езэгъыбрабгъуэр коммунальнэ ІуэхутхьебзэхэмкІэ къыззгъэпэщыным» Урысей Федерацэм и къэрал программэм ипкъ иткІэ зэхалъхьа «Ипотекэмрэ бдзжэнгу ят псэупІэмрэ» проект пэрытым хиубыдэу 2018 гъэм сабии 160-рэ зэкІуалІэ Іуэхущ Іа Іэ Арщыдан къуэжэм, сабии 140-рэ зыщІэхуэ сад Белэ Речкэ къуажэм дащІыхьащ.

Нобэм ирихьэлІэу республикэм и щІыналъэм сабий сад 17 ухуэн щаухащ, дыззрыт илъэсым къриубыдэу аргуэру апхуэдэ Іуэхущ Іа Іэу 4 къызэІуахынущ. «Демографие» лъэпкъ проектым и кІуадэмэру яГуэхьэзыра «ЦІыхубзхэр лэжьащІэкІэ къызэзгъэпэщынкІэ - зи ныбжьыр илъэсищым щІимыгъуа сабийхэм ГапІ Іуэхущ Іа Іэ Іуэхущ Іа Іэ зэрыкъуу къызэрагъэпэщын хуейуэ Урысей Федерацэм и Президентым къызэригъэувар.

«Урысей Федерацэм и цІыхухэр фІагъ зиІэ псэуп Іэ езэгъыбрабгъуэр коммунальнэ ІуэхутхьебзэхэмкІэ къыззгъэпэщынкІэ» Урысей Федерацэм и къэрал программэм ипкъ иткІэ зэхалъхьа «Ипотекэмрэ бдзжэнгу ят псэупІэмрэ» проект пэрытым хиубыдэу 2018 гъэм сабии 160-рэ зэкІуалІэ Іуэхущ Іа Іэ Арщыдан къуэжэм, сабии 140-рэ зыщІэхуэ сад Белэ Речкэ къуажэм дащІыхьащ.

Нобэм ирихьэлІэу республикэм и щІыналъэм сабий сад 17 ухуэн щаухащ, дыззрыт илъэсым къриубыдэу аргуэру апхуэдэ Іуэхущ Іа Іэу 4 къызэІуахынущ. «Демографие» лъэпкъ проектым и кІуадэмэру яГуэхьэзыра «ЦІыхубзхэр лэжьащІэкІэ къызэзгъэпэщынкІэ - зи ныбжьыр илъэсищым щІимыгъуа сабийхэм ГапІ Іуэхущ Іа Іэ Іуэхущ Іа Іэ зэрыкъуу къызэрагъэпэщын хуейуэ Урысей Федерацэм и Президентым къызэригъэувар.

Ялъэ сабийр зэрагъуэтам (яПІыжыну сабий зэрызэрашэлІэжам) папщІэ адэанэхэм мазэ къэс зы сабийм тещІыхьауэ сом 11978-рэ иратынущ. Ар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щынэхъыбэ дыдэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр бынитху е нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм ядэІэпыкъуным абыхэм я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэнымкІэ. Ауэ абы папщІэ бюджетым щыухъах сом мелуан 15 - 17-р икъукІэ мащІэщ. Абы къыхэкІыу 2019 гъэм бын куэд зиІэ унагъуэхэм я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэнымкІэ зэрад

Зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэр гъэсэным гулъытэ хуащІ

(КІэухыр.
Пэщідзэр 1-нэ нап. итщ)

Зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр гъэсэныжьмкІэ Іэуэу нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ Іэщіагъэ нэс зиІэ лэжьакІуэхэр гъэхьэзырыныр. Зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэр гъэсэныжьмрэ егъэджэныжьмрэ иджыпсту елэжь педагогхэр 4300-м щІегъу икІи абыхэм я щІэныгъэмрэ Іэщіагъэмрэ щІэх-щІэхьыурэ хагъахъуэ.

ЦІыкІуэхэм щІэныгъэ егъэгъэтыныжьмкІэ программэ нэхъыщхьэхэмкІэ къэрал аккредитацэ зиІэ, зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэм ядэлажьэ уней Іуэхущіапіэхэм я гугъу щищым, Къумыкъу Іэуес къигъэлъэгъуащ къэралым Іэщіэмыльэ сабий садхэр 5 зэрыхъур икІи абыхэм сабий 290-м щІигъу зэрекІуалІэр. Уней Іуэхущіапіэхэм ядэлэпыкъун папщІэ абыхэм щагъаесэ сабийхэм щІэныгъэ ирагъэгъуэтыным трагъэкІуэдэну субсидиехэр КЪБР-м и республикэ бюджетым зэрыщыхухах щыкІэр яубзыхуащ.

Зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэм нэхъ тэмэму ядэлэжьэныжьмкІэ Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр къагъэсэбэп икІи абыхэм ящыщ куэдыр ятещІыхьащ сабий садхэм мыкІуэхэмри гулъытэ яхуэщІыным. Сабий 400-м нэблагъэ щагъасэ зэман кІэщІкІэ лажьэ Іуэхущіапіэхэм икІи абыхэм зи ныбжьыр илъэсищым щІимыгъуэ сабийуэ 250-рэ яхэтщ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** къиІэтащ Жэмтхьалэ Ипщэ къуажэм и сабий садыр щылажьэ унэр зэрызэкІэлъымыкІуэр икІи абы теуха ныдэлъмакъэр япэкІи зэрыщыІар.

Доклад зыщІам абы и жэуапу къигъэлъэгъуащ Іуэхущіапіэр зыхуэІэзэным теухуа кьалэныр КЪБР-м и Правительствэм къызэригъэувар икІи а унафэр зэрагъэзащІэм тКІийуэ зэрыкІэлъыплъыр.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ депутатхэм хэхуэу гу лъаригъэтащ зи ныбжьыр илъэсищым щІимыгъуа сабийхэм щІэныгъэ ирагъэгъуэтыным трагъэкІуэдэну субсидиехэр КЪБР-м и республикэ бюджетым зэрыщыхухах щыкІэр яубзыхуащ.

Зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэм нэхъ тэмэму ядэлэжьэныжьмкІэ Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр къагъэсэбэп икІи абыхэм ящыщ куэдыр ятещІыхьащ сабий садхэм мыкІуэхэмри гулъытэ яхуэщІыным. Сабий 400-м нэблагъэ щагъасэ зэман кІэщІкІэ лажьэ Іуэхущіапіэхэм икІи абыхэм зи ныбжьыр илъэсищым щІимыгъуа сабийуэ 250-рэ яхэтщ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** къиІэтащ Жэмтхьалэ Ипщэ къуажэм и сабий садыр щылажьэ унэр зэрызэкІэлъымыкІуэр икІи абы теуха ныдэлъмакъэр япэкІи зэрыщыІар.

Доклад зыщІам абы и жэуапу къигъэлъэгъуащ Іуэхущіапіэр зыхуэІэзэным теухуа кьалэныр КЪБР-м и Правительствэм къызэригъэувар икІи а унафэр зэрагъэзащІэм тКІийуэ зэрыкІэлъыплъыр.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ депутатхэм хэхуэу гу лъаригъэтащ зи ныбжьыр илъэсищым щІимыгъуа сабийхэм щІэныгъэ ирагъэгъуэтыным трагъэкІуэдэну субсидиехэр КЪБР-м и республикэ бюджетым зэрыщыхухах щыкІэр яубзыхуащ.

Апхуэдэу зэІуищІам хэтахэм елэжьын щІадзащ «Республикэм и закон щхьэхуэхэм зэхъуэжькІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхущіэ», «КЪБР-м и бюджетыр къызэрызэгъэпэщамрэ бюджет лэжьыгъэр зэрекІуэкІыныгъэ теухуауэ» КЪБР-м и Законым и 12-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхущіэ» КЪБР-м и законкэм я проектэхэр.

Президиумым и зэІущІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ егъэджэныжьмкІэ Іуэхущіапіэхэм екІуалІэ сабийхэм я уэнцшагъэр хъумэным, бдзэжьей ещэнымрэ псым хэс псэущхьэхэр хъумэнымрэ, Урысей Федерацэм щыпІэ унафэр щызезыгъакІуэ Іэнатіэхэм я лэжьакІэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм ехьэлІа федеральнэ законкэм я проектхэр.

ЗэІущІэм кьыщащта унафэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр ирагъэкІуэкІынущ 2019 гъэм щэкІуэгъуэм и 28-м.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Налшык

Зэреджэну тхылъхэр къыхурагъашэ

Зи нэм фІыуэ имылъагъу цІыхухэм папщІэ псапащІэхэм къызэрагъэпэщ Іуэхухэм кьахохъуэ.

ЗИ НЭМ фІыуэ имылъагъуэхэм я библиотекэу Налшык дэтым концерт щитащ «Камерата» ансамблым. Ар ердэІуахэм ягу зэрырихьам и гугъу умыщІми хъунущ, апхуэдизкІэ ахэр гъащІэм хэтыну, щІэ кьащІэну хуейхэщи. Къыхэгъэщыпхъэщ: Москва апхуэдэжьм папщІэ къыщыззрагъэпэща псапащІэ фондым зи нэм фІыуэ имылъагъуэр зэреджэну тхылъхэр къыдигъэкІыу щІидзащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и центрым и къудамэм и унафэщІ Бэдракъ Іэминэ дыззрыщигъэгъуэзамкІэ, а фондым зыпащІэри, ди цІыхухэм папщІэ тхылъу 22-рэ къраГъэхьащ, абы хуэныкъуэхэм хуагуэшащ. Центрым и мурадщ ресфликэм нэкІэ ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъу ис псори апхуэдэ тхылъхэмкІэ къызэрагъэпэщыну.

ХЬЭТУ Астемыр.

● Тэрч щІыналъэ

Псымрэ къабзагъэмрэ

Джылахъстэнейм гулъытэ щегъуэт цІыхур зэфэну псымкІэ нэсу къызэгъэпэщыным.

ЩІЫНАЛЪЭ бюджетым къыхэкІа мылъкукІэ бжьамийхэр щызэрахъуэжІащ Новая Балкария, Урожайнэ, Дей жылагъуэхэм. Ахэр псори зэкъэту метр 2300-м щІегъу. Абы текІуэгащ сом 1 мелуанрэ мини 150-рэ.

Псым и Іуэхум кьыкІэрагъэхурКъым автомобиль гъэгуэхэр зэгъэпэщыжьынр. «Автомобиль гъэгу зэпэщхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ япэ ирагъэща Іуэхуэхэм ящыщщ Дей къуажэмэра Курп Ипщэмрэ Осетие Ищхъэрэм пызыщІэ гъуэгур.

ЩІыналъэ администрацэм и нэІэм щІэту лэжьыгъэ хъарзынэхэр зэфІагъэкІащ хабзэм къемызэгъ кІэрыхубжьэрыху зэхуэхъесыпІэхэр гъэкъэбзауэ, техникэхэмкІэ зэтес щІыжьыным теухуауэ. Дуейр щыІэ къэмыхъу щІыкІэ хабзагъэм щелэжьащ Дей, Плановскэ, Урожайнэ къуажэхэм, Тэрч къалэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дн сурэт гъэтІылъыгъэхэр

ПРАВДА
Орган Центрального Комитета и МК ВКП(б).
№ 76 (7761) 18 марта 1939 г., суббота ЦЕНА 10 КОП.

Сурэтым итщ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м кьыбгъэдэкІыу ВКП (б)-м и XVIII съездым хэта лІыкІуэхэр *(сэмэгумкІэ хьыщегъэжьауэ)*: **Къэбэрдей-Балъкъэрым и областной парт организацэм и ялп секретарь Кудрявцев Александр** *(1906 - 1970 гъгъ.)*; **Шэрэдж райкомым и ялп секретарь Батчаев Исмэхьил** *(1913 - 1980)*, **обкомым и секретарь Бырсекъуэ ХьэзрэІил** *(1909 - 1990)*, **КъБАССР-м и Совнаркомым и унафэщІ Жьакіэмыхъу Тузер** *(1903 - 1977)* **сымэ**.

Льэпкъ щІэныгъэлІ икІи къэхутакІуэ пажэ, философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, къэрал икІи жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Тхьэгъэпсо Хьэжысмел ящыщщ зи зэфІэкІ лъагэмрэ щІэныгъэ куурэ ди щІыналъэм и зыужьныгъэм хуэзыгъэпсахэм. ЩІэныгъэлІ щыпкъэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 80 ирикъуащ. Абы щыщу 55-м щІигъур Тхьэгъэпсом хухихащ щІэныгъэ-къэхутэныгъэм, егъэджэныгъэгъэсэныгъэм.

ГъАЩІЭ гъуэгуанэ купщІафІэ къикІуащ Тхьэгъэпсом. Бахъсэн щІыналъэм хыхьэ Бахъсэнэ́нок (Къэсейхьэблэ) жьлэм 1939 гъэм ныщалъхуащ ар. Къуажэм дэт курыт школыр дыщэ медалкІэ къиуха нэужь, комсомол лэжьыгъэми жану хэт щІалэр ухуакІуэ бригадэм хьыкащ иужькІэ, 1958 гъэм, щІэтІысхьащ Бауманым и цІэр зэрихьэу Москва дэт техникэ еджапІэ нэхъыщхьэм (МВТУ), инженер Іэщіагъэм хуеджэну. Студент ильэсхэр жьыджэру ирихьэкІащ адыгэ щІалэщІэм. А лъэхъэнэм ирихьэлІащ Хьэжысмел и ялп къхэутэныгъэхэри. ЗыщІэхъуэпсэ ІэщіагъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, щалъхуа щІыналъэм къигъэзэжащ Тхьэгъэпсом икІи егъэджакІуэу лэжьэн щыщІидзащ КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетым. ЗэфІэкІ лъагэ къызыкъуэкІыну гу зылъата щІалэм университетым и унафэщІхэм чэнджэщ ираташ адэкІи и щІэныгъэм хигъэхъуну. Абыхэм я псалъэхэр и гъэгугъэлъагъуэу, Хьэжысмел 1968 гъэм щІэтІысхьащ МВТУ-м и аспирантурэм икІи ар екъулІэныгъэкІэ кьиухащ, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат цІэр кьыщыІыфІащ щІэныгъэ лэжьыгъэри кьызыхуэтынщэу пхигъэкІри.

Бгъэдэлъ зэфІэкІым хэзыгъэхуа щІэныгъэлІ щІалэм лэжьыгъэм щыпишэжащ КъБКъУ-м. Ар щытащ егъэджакІуэу, кафедрэм и доценту, абы и унафэщІу. Сыт хуэдэ кьалэн щІэрыпсыр кьыщащыІам, ноби зэрихабзэу, Тхьэгъэпсом ахэр ныкъусаныгъэншэу зэфІихырт. Ар елІалІэрт инженер Іэщіагъэлізхэр гъэхьэзырыныжьмкІэ ди республикэм щыщыщІэ мардзэхэр зэрыригъэфІэкІуэным, абы и щІэныгъэ-методикэ лъабжьэр нэхъри гъэбыда зэрыхъуным. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм ящыщ куэдыр, Хьэжысмел зэфІихырт техникэм епха кьэхутэныгъэ купщІафІэхэр, пкъыгъуэщІэхэмрэ Іэмэпсымэщіэхэмрэ кьигупсысу. Апхуэдэхэм я бжыгъэр 30-м нос. Абыхэм ятещІыхьа кьэхутэныгъэхэм абы триухуащ щІэныгъэ лэжьыгъэу пщІы бжыгъэхэр. ЩІэныгъэлІыр шэщІауэ ядэлажьэрт ди къэралым и къэхутакІуэ Іэнатіэ нэхъ лъэрызехьэхэм. Апхуэдэхэт, къапщтэмэ, налмэсым елэжьыныжьмкІэ къэралпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтыр, Украинэм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием Быдагъышхуэ зиІэ пкъыгъуэхэм елэжьыныжьмкІэ и институтыр, Къэхутэныгъэхэм я методикэмрэ техникэмкІэ союзпсо щІэныгъэ институтыр, «Тэрчналмэс» Къэбэрдей-Балъкъэр завод иныр. Абыхэм Тхьэгъэпсом и кьэхутэныгъэхэр щагъэунэхурт. А унэтІыныгъэмкІэ зыІэригъэхьа екъулІэныгъэ гъэзэкъэн пащІэ Тхьэгъэпсом 1976 гъэм кьыхуагъэфэщауэ щытащ «ЩІыхьым и дамыгъэ» орденыр, 1981 гъэм - РСФСР-м и Совет нэхъыщхьэм и Президиумым кьыбгъэдэкІ ЩІыхьэ тхьпІыр. 1982 гъэм абы кьыфІащащ «СССР-м и кьэхутакІэ» цІэр.

1983 гъэм Тхьэгъэпсор КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым лэжьапІэ ирагъэблагъащ. Ар ягъуэращ обкомым щІэныгъэмрэ еджапІэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІу. ИльэситхуитІ а кьупльыкьым пэрытауэ, Хьэжысмел пщэрыльэ кьыхуащІащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр кьалэн. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 80 гъэхэм я кІэухыр - 90 гъэхэр ди къэралым и дежкІэ зэман кьыззэрыгуэкІыу зэрыщымытар куэдым ящІэ. Егъэджэныгъэ, щІэныгъуэ Іэнатіэхэр «кьызэфІэмыщІауэ» ди щІыналъэм а лъэхъэнэм кьызэрыщыІэтенар, уеблэмэ зыужьныныгъэм и унэтІыныгъэщІэхэр абыхэм кьызэрыщыунэхуар куэдкІэ зи фІыгъэр Тхьэгъэпсом бгъэдэлъ зэфІэкІ лъагэхэращ, ар жьэ пльэф кьэрал лэжьакІуэу, зэкупсэ нэсу зэрыщытырщ. МинистрыщІэм зэман кІэщІым кьэриубыдэу лэжьыгъэкІэ запищІащ СССР-м щыІэ еджапІэ, щІэныгъэ Іэнатіэ пашэхэм. Апхуэдэхэт, псалъэм папщІэ, Ломоносовым и цІэр зезыхьэ МКЪУ-р, Герценым, Шолоховым я цІэхэр зезыхьэ Москва педагогикэ университетхэр, Екатеринбургэ дэт инженер-педагогикэ университетыр, нэгъуэщІхэри. Яриухылъ зэгурыІуэныгъэхэм япкъ иткІэ, абыхэм ди республикэм папщІэ щагъэхьэзырыу хуежьащ ЩІэлъэлІ зэмылІэужьныгъуэхэр. Къэралым щыяпэу Налшык 1992 гъэм кьыщызэІухауэ щытащ ДизайнымкІэ колледж. Иужькіэ Хьэжысмел абы и унафэщІуи илъэс куэдкІэ лэжьащ. Апхуэдэт республикэм и курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щеджэхэр Іэщіагъэм хашэу кьыззэраублари. Абыкіэ еджапІэхэм щапхъэ яхуэхъуауэ щытащ Налшык дэт лицей №12-р. Министрым и жэрдэмкІэ абы лэжьапІэ кьорагъэблэрауэ щытащ КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэм ящыщ куэд, 10 - 11-нэ классхэм щІэс ныбжьыщІэхэм езыхэм кьыхаха унэтІыныгъэхэмкІэ щІэныгъэ куу ирагъэгъуэтын папщІэ. 1993 гъэм школым япэу кьыщІэкІа апхуэдэ гупыр, къанэ щымыІэу, КъБКъУ-м щІагъэтІысхьауэ щытащ ректорым и унафэкІэ, кьызэрапщытэ экзамен лъэпкъ ямыту, апхуэдизу лъагэт а ныбжьщІэхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэри.

Тхьэгъэпсор министру щылэжьа илъэсхэм республикэм и курыт школ 28-м щрагъэжьауэ щытащ ЩІэщІагъэ зэмылІэужьныгъуэхэмкІэ пэщІдзэз щІэныгъэ етыныр.

Егъэджэныгъэм кьыхыхьэ а зэхъуэкІыныгъэшхуэхэм кьадэкІуэу, Тхьэгъэпсом хузэфІэкІащ зи пашэ Іэнатіэм нэгъуэщІ лъэныкъуэхэмкІи зригъэужьын. Кьапщтэмэ, а илъэсхэм ди республикэм щаухащ школ лъыщІэхэр, сабий садыщІэхэр. Апхуэдэу министрым и жэрдэмкІэ щытащ ректорым и унафэкІэ, кьызэрапщытэ экзамен лъэпкъ ямыту, апхуэдизу лъагэт а ныбжьщІэхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэри.

Тхьэгъэпсор министру щылэжьа илъэсхэм республикэм и курыт школ 28-м щрагъэжьауэ щытащ ЩІэщІагъэ зэмылІэужьныгъуэхэмкІэ пэщІдзэз щІэныгъэ етыныр.

Егъэджэныгъэм кьыхыхьэ а зэхъуэкІыныгъэшхуэхэм кьадэкІуэу, Тхьэгъэпсом хузэфІэкІащ зи пашэ Іэнатіэм нэгъуэщІ лъэныкъуэхэмкІи зригъэужьын. Кьапщтэмэ, а илъэсхэм ди республикэм щаухащ школлыщІэхэр, сабий садыщІэхэр. Апхуэдэу министрым и жэрдэмкІэ щытащ ректорым и унафэкІэ, кьызэрапщытэ экзамен лъэпкъ ямыту, апхуэдизу лъагэт а ныбжьщІэхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэри.

Тхьэгъэпсор кьыхыхьэ а зэхъуэкІыныгъэшхуэхэм кьадэкІуэу, Тхьэгъэпсом хузэфІэкІащ зи пашэ Іэнатіэм нэгъуэщІ лъэныкъуэхэмкІи зригъэужьын. Кьапщтэмэ, а илъэсхэм ди республикэм щаухащ школлыщІэхэр, сабий садыщІэхэр. Апхуэдэу министрым и жэрдэмкІэ щытащ ректорым и унафэкІэ, кьызэрапщытэ экзамен лъэпкъ ямыту, апхуэдизу лъагэт а ныбжьщІэхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэри.

ЩІэныгъэлІ щыпкъэр, къэхутакІуэ емыязэшыр, егъэджакІуэ Іэзэр, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ ІэкіуэлъакІуэр лъэпкъым и кьуэ пэжщ, хэкупсэ нэсщ. Ар дапщащи жьыджэру хэтщ ди щІыналъэм щекІуэкІ жылагъуэ Іуэхугъуэзэм. ЦІыхубэм я дзыхь кьрагъэзу, Тхьэгъэпсор хахауэ щытащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. Аращ КъБР-м и Іэтащхьэм и нэІэм щІэту Жылагъуэчэнджэщакіуэ советым и лэжьыгъэр 2007 - 2013 гъэхэм зэзыгъэуІуар. Лъэпкъыбзэхэр хъумэнымкІэ мыхьэнэшхуэ иІащ Тхьэгъэпсом и министрыгъуэм пэщІдзэз классхэр зэрырагъаджэ программэм сабийм Іурылъ анэдэлъхубзэр лъабжьэ хуащІауэ зэрыщытмам. А лъэхъэнэращ, ди щІыналъэм и курыт школхэм я программэм «КЪР-м и тхыдэр», «КЪР-м ии географиер» предметхэр хагъэхьауэ щыщытари.

ІуэхугъуэфІ куэдкІэ гъэнщІа Іуэгуанэ купщІафІэ кьэзыкІуа Тхьэгъэпсо Хьэжысмел ди гуапэу дохъуэхъу и илъэс 80 юбилеймкІэ. Зи щІэныгъэ, зэфІэкІи, кьаруи кьэралым, щалъхуа хэкум зэкуэныным, ехьулІэныгъэ яІэным хуэзыгъэпсу дунейм тет цІыху щыпкъэр узынщагъэ быдэ иІэу, ехьулІэныгъэщІэхэр зыІэригъэхьэу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ДифІ догъэлъапІэ

ЗэфІэкІ лъагэ зиІэ

Тхьэгъэпсо Хьэжысмел

Апхуэдэ икІи нэгъуэщІ Іуэху зехьэкІэ пэрыт куэдым я лъабжьэ быдэ егъэджэныгъэ Іэнатіэм щигъэтІылъащ пэжыгъэ и кьызэгъэпэщакІуэ ахъырзэман, щІэныгъэлІ икІи егъэджакІуэ Тхьэгъэпсо Хьэжысмел. 1992 гъэм абы кьыфІащауэ щытащ «ЦІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным и отличник» цІэр.

Техникэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Іэщіагъэлым гуманитар унэтІыныгъэми и зэфІэкІхэр щегъэлъагъуэ. Абы егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ зэрызэхэль пкъыгъуэхэр, а Іэнатіэхэм заужьыным хузэгъэпса и епІыкІэхэм епха къэхутэныгъэ инхэр иregъэкІуэкІ. Апхуэдэ щІэныгъэ лэжьыгъэхэм ящыщщ 90 гъэхэм я кІэухым Налшыкрэ Москварэ дунейм кьыщытехьауэ щыта «Егъэджэныгъэм и философиер», «Егъэджэныгъэм кьыхьхъэ мардзэщІэхэр», «Дизайнымр щапхъэзэмрэ егъэджэныгъэмрэ къапкърыкІа Іуэхугъуэщ», нэгъуэщІхэри. А къэхутэныгъэхэр зи лъабжьэ доктор диссертацэр Тхьэгъэпсом утыку кьорихьащ 1997 гъэм икІи ар ехьулІэныгъэкІэ щыпхъэкІащ «философие щІэныгъэхэм я доктор» цІэ лъапІэр.

1999 гъэм щІэныгъэлым лэжьыгъэм щыпищащ КъБКъУ-м философиемкІэ и кафедрэм, профессор кьулькъум зэрыпыт. Абы куууэ, щыщІауэ иригъэкІуэкІыу хуежьащ философие-культурологие, социальнэ философие, политологие къэугъэныгъэ инхэр. Ахэр кьытрадзэрт «Вопросы философии», «Философские науки», «Вестник РАН», «Политические исследования», «Педагогика», «Высшее образование в России», «Научная мысль Кавказа» щІэныгъэ журнал цІэрыІуэхэм. Уеблэмэ абыхэм я кьыдэкІыгъуэ щхьэхуэ зыбжанэ зэхаГъэващ Тхьэгъэпсом и унафэм щІэту.

А псоми кьадэкІуэу, Хьэжысмел хуосакъ щІэныгъэ лъагэм щІалэгъуалэр хэшэным, лъэпкъ Іэщіагъэлхэр гъэхьэзырыным. Ар иджыпстуи жьыджэру пэрытщ егъэджэныгъэ Іэнатіэм. ЩІэныгъэлым и унафэм щІэту ягъэхьэзыращ икІи ехьулІэныгъэкІэ пхагъэкІащ кандидат диссертацэ куэд. Ди къэралым и Президентым 2011 гъэм кьыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ Тхьэгъэпсо Хьэжысмел хуэфащэ дыдэу кьыфІащащ «УФ-м и егъэлІэ нэхъыщхьэм щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъагэр.

ЩІэныгъэлІ щыпкъэр, къэхутакІуэ емыязэшыр, егъэджакІуэ Іэзэр, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ ІэкіуэлъакІуэр лъэпкъым и кьуэ пэжщ, хэкупсэ нэсщ. Ар дапщащи жьыджэру хэтщ ди щІыналъэм щекІуэкІ жылагъуэ Іуэхугъуэзэм. ЦІыхубэм я дзыхь кьрагъэзу, Тхьэгъэпсор хахауэ щытащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. Аращ КъБР-м и Іэтащхьэм и нэІэм щІэту Жылагъуэчэнджэщакіуэ советым и лэжьыгъэр 2007 - 2013 гъэхэм зэзыгъэуІуар. Лъэпкъыбзэхэр хъумэнымкІэ мыхьэнэшхуэ иІащ Тхьэгъэпсом и министрыгъуэм пэщІдзэз классхэр зэрырагъаджэ программэм сабийм Іурылъ анэдэлъхубзэр лъабжьэ хуащІауэ зэрыщытмам. А лъэхъэнэращ, ди щІыналъэм и курыт школхэм я программэм «КЪР-м и тхыдэр», «КЪР-м ии географиер» предметхэр хагъэхьауэ щыщытари.

ІуэхугъуэфІ куэдкІэ гъэнщІа Іуэгуанэ купщІафІэ кьэзыкІуа Тхьэгъэпсо Хьэжысмел ди гуапэу дохъуэхъу и илъэс 80 юбилеймкІэ. Зи щІэныгъэ, зэфІэкІи, кьаруи кьэралым, щалъхуа хэкум зэкуэныным, ехьулІэныгъэ яІэным хуэзыгъэпсу дунейм тет цІыху щыпкъэр узынщагъэ быдэ иІэу, ехьулІэныгъэщІэхэр зыІэригъэхьэу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Тэрч щІыналъэ

Псымрэ къабзагъэмрэ

Джылахъстэнейм гулъытэ щегъуэт цІыхур зэфэну псымкІэ нэсу къызэгъэпэщыным.

ЩІЫНАЛЪЭ бюджетым къыхэкІа мылъкукІэ бжьамийхэр щызэрахъуэжІащ Новая Балкария, Урожайнэ, Дей жылагъуэхэм. Ахэр псори зэкъэту метр 2300-м щІегъу. Абы текІуэгащ сом 1 мелуанрэ мини 150-рэ.

Псым и Іуэхум кьыкІэрагъэхурКъым автомобиль гъэгуэхэр зэгъэпэщыжьынр. «Автомобиль гъэгу зэпэщхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ япэ ирагъэща Іуэхуэхэм ящыщщ Дей къуажэмэра Курп Ипщэмрэ Осетие Ищхъэрэм пызыщІэ гъуэгур.

ЩІыналъэ администрацэм и нэІэм щІэту лэжьыгъэ хъарзынэхэр зэфІагъэкІащ хабзэм кьемызэгъ кІэрыхубжьэрыху зэхуэхъесыпІэхэр гъэкъэбзауэ, техникэхэмкІэ зэтес щІыжьыным теухуауэ. Дуейр щыІэ къэмыхъу щІыкІэ хабзагъэм щелэжьащ Дей, Плановскэ, Урожайнэ къуажэхэм, Тэрч къалэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЛІэужьыр бжьиблкІэ мауэ

ЩІэныгъэфІ зыбгъэдэмылъ цІыхум Іэщіагъэлі нэси кьыхэкІынукъым. Ди къэкІуэнур зыхуэдэнур куэдкІэ зэлъыта егъэджакІуэ Іэщіагъэр адрейхэм нэхърэ щІэнэхъ гугъур аращ.

ЗЭРЫСАБИЙРЭ егъэджакІуэ хъуну щІэхъуэпсу щыта Мамий Залинэ зыхуеджари зэрылажьэри а Іэщіагъэрщ. «ЛІэужьыр бжьиблкІэ мауэ» жиІащ пасэрейм. Плакъуиплі хъуауэ егъэджакІуэ Іэщіагъэр къадогъуэгурыкІуэ Залинэ кьызыхэкІа Бжэныкіэхэ я лъэпкъым. Залинэ и адэшхуэ Бжэныкіэ Замудин Кьыщтэк дэт курыт еджапІэм и унафэщІу ильэс 35-кІэ лэжьащ, фІыщІэрэ щыгъуэрэ кьыхуащІ. Залинэ и анэшхуэми, и адэ-анэми, кьыдалъхуахэми Іэщіагъэ яхуэхъуар а лэжьыгъэ мытынышрщ. Шэч хэмылъу, Мамийр хущІокъуу и нэхъыжьыфІхэм щапхъэ ятрихыну, абыхэм яхуэфащэу кьэгъуэгурыкІуэну.

ГъащІэм зеужь, щІэ куэд кьыкохьэ, апщІондэхукІи егъэджакІуэм и щІэныгъэм хигъэхъуапхъэщ. Зи лэжьыгъэм гурэ псэкІэ бгъэдэт Мамий Залинэ щеджащ КъБКъУ-м и педагогикэ колледжым и информатикэ къудамэм, КъБКъУ-м и филологие факультетым, ЦІыхухэм щІэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтыныжьмкІэ дунейпсо зэгуэныгъэу Москва дэтым ментальнэ арифметикэмкІэ и къудамэр кьиухыжащ. Абы зригъэгъуэта щІэныгъэхэр екІуу зэрепх, зэрылажьэ методикэм щІэщыгъуагъ куэд хельхьэ, еджакІуэ цІыкІухэр дриГъэхьэхьу. Информатикэ Іэщіагъэм щыщу сабийхэр хурегъаджэ робототехникэм. Абы щІэблэм я кьэухьым зрегъэужь, гъащІэм, псэуКІэщІэм уэзыщхуеину, ар тынш пщыізыщІну Іэмалхэм хурегъаесэ. Залинэ щІэныгъэ куу кьыщІихащ КъБКъУ-м и филологие кьудамэм. Ивахненкэ Евгений и «ЕджакІуэ - уэрэду» тхылъым куууэ зыщІигъэгъуэза нэужь, Залинэ езым и Іуэху еплъыкІэхэр кьигъэнэІуащ. Тхылъым кьыпащэу, Ивахненкэ Евгений и Мамий Залинэрэ я ныдэлъуэми.

- Ментальнэ арифметикэ гупжьейхэр щолажьэ ди республикэм и язныкьэуэ кьурыт еджапІэхэм, - жеІэ Мамий Залинэ. - Абыхэм кьарит щІэныгъэмкІэ арэзыщ еджапІэм и унафэщІхэри адэ-анэхэри, сабийхэм я дежкІи ар щІэщыгъуэщ. Мы унэтІыныгъэр зыкІи зэран хуэхъуркъым егъэджэныгъэмкІэ къэрал хабзэм кьигъэув пщалъхэм, хэбгъэзэыхьмэ, дэІэпыкъуэгъу мэхъу. Абы сабийр псынщІэу гупсысэу ирегъасэ, и псантхуэхэр фІыуэ егъэлажьэ. Апхуэдэ дерсхэр щат хамэ кьэралхэм. Кьыскщохъу ди щІыналъэми ар Іэмалыншэу яджьн хуейхэм хагъахьэну.

Мамийм апхуэдэ дерсхэр щет Бахъсэн кьалэ дэт 6-нэ, 8-нэ курыт еджапІэхэм, Налшык дэт 4-нэ гимназием, Шэджэм кьалэ дэт Сабийхэм зыщІагъэужь центрым. ИлъэсипщІым щІигъуащ Залинэ а унэтІыныгъэм зэрыщылажьэрэ икІи езым и методикэ иІэжщ.

«ЗэфІэкІ лъагэ зиІэ цІыкІуэхэр» проектым ипкъ иткІэ, Залинэ, сабийхэр игуэгуу, игъэхьэзыращ «Нартхэ я дыщэ» теплъэгъуэр. Ди щІыналъэм и мызакъуэу, дуней псом кьыщащІыху Іуащьхэмахуэ лъапэ и дежкІэ Іуэхь цхьэпэ щалъхэщащ егъэджакІуэмрэ сабийхэмрэ. Интернетым и Іэмалхэри кьамыгъэсэбэпу, щІыуэпсым и дахагъэмрэ, щІэпІ къуэятымрэ захриГъащІэу, хьэуа кьабзэм хэту, сабийхэр езыр-езыру зэпсальэу, зэдэджэгуу, я гупсысэхэмкІэ зэдэгъашэу Залинэ хуэзфІэкІащ нарт лъэпкъым и тхыдэр, и хабзэр, и фащэр кьызыхэщщ теплъэгъуэ цІыкІуэм яригъэщІын. Сабийхэм гушхуауэ икІи дихьхауэ сурэтхэр езыхэм ятхащ, трахащ, адыгэ макъамэ дахэхэри щІагъэувэжри, «Нартхэ я дыщэ» таурых хьэлэмэтыр яГъэуващ.

ЗАЛИНЭ и гугъуехьыр псыхэкІуадэ хъуркъым. Сабийхэм ди республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ щІыпІэхэми, дунейпсо утыкухэми екІуу зыкъыщагъэкІлъагъуэ. Езы егъэджакІуэм и зэфІэкІыр зэрыинри кьегъэлъагъуэ «Шемякиным и ГъатхэІ» дунейпсо фестивалым, Москва ментальнэ арифметикэмкІэ щекІуэкІ зэпеуэзэм кьэпщытакІуэу зэрыгагъэблагъэр. Лъэпкъым и тхыдэри, и хабзэри ябгъэдилъхьэкІэрэ, сабийхэм я зэфІэкІыр зэрыинри кьегъэлъагъуэ «Шемякиным и ГъатхэІ» дунейпсо фестивалым, Москва ментальнэ арифметикэмкІэ щекІуэкІ зэпеуэзэм кьэпщытакІуэу зэрыгагъэблагъэр. Лъэпкъым и тхыдэри, и хабзэри ябгъэдилъхьэкІэрэ, сабийхэм я зэфІэкІыр зрегъэужь Залинэ.

- Дунейм сыт зэбгъэпщащуэр «Уэркъ кьафэр»! - жеІэ Мамий Залинэ. - А макъамэм псэр ехьэху, гъащІэм и дахагъэм, и фІыгъуэм ухешэ а кьафэ уардэм. Илъэс 15-кІэ утыкум цызгъэзэщІа а кьафэм кьызит щыІыкІэр ззэгъэпщэфынур ящІар си егъэджакІуэ Іэщіагъэрщ, си сабийхэм ядэслъагъуэ ехьулІэныгъэхэрщ, абыхэм естыф гукъыдэжырщ. Адыгэ бзыльхугъэм и хьэл-щэнымрэ егъэджакІуэмрэ зызогъапщэ икІи зызогъэщхь я Іущагъкіэ, гъэсэныгъэкіэ, зыныгъыкІэкІэ, пэжагъкІэ, Іуэхущіафэ екІукІэ, псэ щабагъкІэ, гуакІуагъкІэ, бзэ дахэ яІурылъмкІэ.

Мамийм гулъытэ хэха яхуеІ гъащІэм щытыкІэ гугъум ириГъэува сабийхэм. Залинэ апхуэдэ щІыкІуэхэм ябгъэдэтщ тэмакъкІыхьу, бзэ Іэфі Іурылъу.

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №138-м итщ).

- СрищIалэщ...
- КъыкъуэкIыжа уи адэр?

Мурадин жэуап итыну хунэмыс, машинэ къыIулъэдам Капитанрэ Заурбэчрэ къикIащ. Ар щIалъагъуи, и гуапащи мыхъуу, Исуф жиIащ:

- Уэ, дауи, мы щIалэхэраУэ къыщIэкIынщ узыхуейр?

Мурадин жэуап иритакъым, Капитанрэ Заурбэчрэ къэсати, абыхэм я гъусэу унэм щыхьащ.

- А узыбгъэдэтар зыгъэркIэ къоупщIа? Сыт къыбжиIар, сыт жепIэжар? - пэшым зэрыщIыхьэу щIэупщIащ Капитан.

Мурадин Исуф зэрыжримыIаIар къыщищIэм, абы и гур зэгъэжащ.

- ЕмыкIу сыкъыумыщI, шынэхъыщIэ, и мыIуэху зэрихэунущ а къыббГъэдэтами, араш щыжысIэр.

Мурадин мащIэу и дзыIафэр итIащ.

- ТIэ, Мурадин, дауэ тщIымэ, дауэ хъуну? Зыгъэр хэпщIыкIрэ уи адэм и Iуэхум? - щIэупщIащ Капитан.

Мурадини къригъажьэри, дачэм щиль эгъуа рогоп следователхэм яжриIэжащ. ЩIалэхэр нейнейуэ зэпIыжащ. Езыхэми яIэтэжьхэм уигу фIы къэзыщIын хъыбар лэпкъ. Абыхэм жаIэжащ Езид къалтIыхъэуэ сымаджэщым зэрыщIыIар.

Жэщым къалэм къыщыхъуа щIэпхъаджагъэхэм ятеухуа хъыбархэм ящыщ щым Заурбэч и нэр фIэнат. Ар зэхагъэкIыну следователхэр кIуащ сымаджэщым. Жэщым яша уIэгъэ зыщIэлъ палатэм щыщIыхьэм, мылищэм къыгъэувыIащ:

- Къысхуэзгъэгъу, хэт деж фызджэкIуэр? - щIэупщIар ар.

- Дауэ ар зэрыбжеIэнур... Ди лэжьагъу гуэр къэтлъыхъуэу арат, ныжэбэ къаша ди гугъэщ.

- А-а, абы деж фыщIэзгъэхъэ хъунукъым. Сэ ар схъумэу аращ.

Капитанрэ Заурбэчрэ я документхэр щгагъэлъагъуэ, мылищэр зэуэ нэхъ щдбэ къэхъуащ.

- ФыщIыхьэ, - жиIащ абы хуэму, - аэ абы зыри къыжриIэфыну къыщIэкIынукъым.

- Ар сыт щхьэкIэ?

- Хьэлъэщ... Фыкlуэ, флъагъункъэ...

ЩIалитIыр зыщIыхьа палатэм цIыху зытхух щIэлът, зыр хьэлъэт, удынышхуэ телъу. Абы и щхьэр апхэздзэу бэгати, къызэригуэкI щхьитI хуэдиз хъунут, и нэкIуми зыри хэпсагъэкIыртэкъым, и ни, и пи розэ зэхэзэрыхьыжар. СледователитIым я лэжьэгу нэхъыжь фIыуэ ялъагъуэ къащIыхуэжакъым. Куэдрэ замыжьэу палатэм къыщIэкIыжри, къэрэгъулу щыт щIалэм еупщIащ Капитан:

- Ар щхьэ пхъумэрэ, сыт ищIар?

- ЛIы иукIащ...

- И щIэ, и унэщIэ зыгъэр пщIэрэ?

- Зыри тщIэркъым, документ лъэпкъ иIыгъакъым.

- КъакIуэ, дэ къэтлъыхъуэмрэ абырэ шурэ пхъэсрэ я зэхуакущ, - жиIащ Капитан.

А хъыбарыр щыжраIэм, Мурадин и гур тIэкIу нэхъыфI къэхъужащ. «Iуэхум сымаджэщ сыт къыщыхъыжыкIакIэ, зыгуэр хъунущ. Псэумэ, узынышэмэ, дэнэ щыIэми къыкъуэкIыжынщ!» - егупсысыт ар.

- ТIэ, Мурадин, дауэ тщIыну, къуажэм кIуэжауэ пIэрэ-тIэ, ярэби? - щIэупщIащ Капитан.

- Машинэм имыбсу дауэ кIуэжын къуажэм, ар къуажэм кIуэжакъым, - жиIащ Заурбэчи.

- Ари пэжщ, - арэзы хъуащ Капитан, - догуэавэри, дигу къэкI псори жыдоIэ.

А махуэми, етIуанэ махуэми, тхьэмахуэ псокIи ахэр Езид и лъагъуэ техьэфакъым.

V

ЕЗИД и къуэри ипхъури унэм щIэст, хъыбару щыIэм я нэхъ Iейм хуэхьэзыру. Къуажэм къикIри къэкIуат и адэанэри, и благъэ гуэрхэри. Хьуд, Езид и адэм, лIыгъэм зригъэхьу тIэкIу зиIыгъ щхьэкIэ, и щIалэ пажэм и Iуэхур хуабжьу зыхиущIат. И анэр яхуэмыгъэвыIэу жэщми махуэми гъырт, ауэ ар зыми емыкIу ищIыртэкъым. Лhыжь-фызыжьым я Iуэхур нобэ-ныжэбэ жыхуаIэм хуэдэт, Хьуд ильэс 85-м фIыуэ щхьэдэхат, и щхьэгъусэри ильэс 80-м нэсат. Абыхэм я ныбжьым уиту уи бын и гуауэ плъагъныр, дауи, тынштэкъым. ИтIани, Хьуд и фызым ззэзмызэ хуиIыырт:

- Уа, фызыжь, зыри къэмыжъуами пщIэркъым, мы цIыху лажьэ зимыIэр умыгъей.

Фызыжьми щигъэтэжырт и гъныир, ауэ тIэкIу зэрыдэкIыу, щIэрыпсу къыщIидзэжырт. Апхэздзэрэ екIуэкIащ тхьэмахуэ псор, икъукIэ тхьэмахуэ хьэлъэр. Тхьэмахуэ нэужькIи Езид къэпсэльащ. Абы и щхьэ фIэбзэгъкIар мащIэу нэхъ тIысыжат и нэ лъэныкъуэри нэхъ къащIэплъыжат. А хъыбарыр псом япэу къэзыщIар Заурбэчщ, зэрызэхихыхэуи, Капитан зыщIигъури, сымаджэщым кIуащ. Ахэр бжэм деж щыт мылищэм емыдаIуэу нэкIуэпэкIуэу щIыхьащ палатэм. Ар Езид епсальэу бгъэдас следователь щIалэм и гуапащи хуэрхьым, ауэ щIыхьахэр къицIыхуэрт, уэимыщи ищIакъым. ЯпэщIыкIэ Езид сэлам ирахри, и лжьэгъуитIыр абы щыгуфIыкIащ, езыри нэкIэ къащIыгуфIыкIыжащ. Езид абыхэм ерагъкIэ псалъэ зыгIуащ къажриащ. Ар хьэлъэу, зы псалъэ жиIэмэ зыкъомрэ зэрызигъэпсэхэр щилъагъуи, Капитан следователь щIалэм зыхуигъэзащ:

- Сыт уи цIэр, щIалэрI?

- Сэфарбий, - жэуап къитащ абы.

- АтIэ, Сэфарбий, мыпхуэдэу дызэгурыгъэIуэ уэрэ сэрэ. Сэ сщIэркъым полковникыр зэрыбгъэхъуанэр, ауэ и цIэ-унэцIэр сэтей къыщыхъуакIэ, хэтми къыщытщIакIэ жыхуэсIэщ, мызэкIэ ар кудщ. Мыбы къыпипхыпIаIэ пасэIуэщ иджыри. Плъагъуркъэ, хьэлъащ, Апхэздзэ щыщыгткIэ, зэ къэгъанэ мыбы пкъыпыпцIыхьыныр, тIэкIу нэхъыфI хъумэ, псори къыбжиIэщ.

- Уэахуэщ, ди нэхъыжь, ауэ ди унафэщIхэм къысхуадэну пIэрэ апхэздзэ? Ещ щIагъэтIысхьауэ Езид яхъумэ. ЕтIуанэраУэ, сэ къызолъытэ щIэпхъаджагъэр щалэжьар нэгъуэщI районыгъуитми, Iуэхур зэрызэхагъэкIым ди нэIэ тедгъэтIын хуейуэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мы щIалэм дауэрэ хъуами, тхьэмащIкIагъэ гуэр къыщыщIащ. Абы зыгуэр иукIауэ жыпIэу утыкум къиднэ хъунукъым, - жиIащ Заурбэч.

- АтIэ, ди лэжьэгъуш, мылищэм къыдыхэтщ жыпIэу лIыукIым укъыщIхьэщыжыну ара? - хуабжьу игъэщIагъуэу жиIащ Исуф. - ГъэщIэгъуэнщ уи гупсысэкIэр!

- Езид лIыукIащ хужьитIэну мыпасэIуэу пIэрэ? Апхэздзэ жытIэн щхьэкIэ нэсу дыщыгъуаззу щытын хуейщ ар абы иукIауэ, - хэкъуэзауэ жиIащ унафэщIым и къуэдзэм.

- Дзгъэщ, сэ министрым деж сраджащ, - жиIащ унафэщIым, совещанэр зэриухар къикIыу, - деплъынщ адэкIэ зэрыхьым.

Езыр зэрыхуейм хуэдэу псалъэмакъыр зэремыкIыжащ и гуапэ мыхъуапэр, тIэкIуи къыщэIыхьауэ райотделым и унафэщI ЩIхьэхуэсIэ Мурат машинэм зридзэри пщIантIэм дэжащ. Абы и кIэм ипIэу унэм къыщIэкIащ и къуэдзэр - Борис. И тутын щIэгъанри, и екъуи зыуэ абы жиIащ:

- Дэнэу пIэрэ здэжар? Шыд щхьэкъуI зышхам хуэдэу, махуэ псом къежьыхьри дэтщ.

Капитан Iэнкун хъуащ. Борис зэи и хабзэтэхъым апхэздзэр жиIэу, ар щIалэ зэтетт, зи лэжьыгъэр фIыуэ зыщIэт, и мыIуэху лъэпкъ зэрымыхуэу зи Iэнатlэр езыхьэкIхэм ящыщт. Иджыпсту жиIахэр Капитан хуэгъэзарэ хуэмыгъэзарэ, жэуап иритын хуейрэ хуэмейрэ къыгурыIуакъым. АрщхьэкIэ, жэуап Iуэхуи зэрымыхуэу Борис, ирифаи щымыIэу, и тутыныр хьфIидзэри, щIыхьэжащ. ЕтIуанэ махуэм Капитан илъэгъуакъым Борис, махуэ зытIущ дэкIа иужькIэ зэхихащ министрым деж рапорт итхыу, и кIуныкъукIэ тIэкIу нэхъ щIыкIуми, ар нэгъуэщI къудамэ зэрыкIуар. Абы куэдым иригъэгупсысащ Капитан.

VI

ЕЗИД и Iуэхур кIыхьлIыхь хъуащ. Мазэ дэкIащ абы жиIэр тэмэму хуэдэ. Ещ и жьэпкъыбгъу лъэныкъуэр къутат, дзэ зыщыплIи Iуудат, ауэ псом хуэмыдзу ар нэхъ зыгъэгуаузщхьэуар и щхьэ куцIыр хьеяуэ зэрыщытарщ. Следствиер езыгъэкIуэкI щIалэхэр зэи тIэуи яхъуэжащ, арщхьэкIэ къикIалIакъым. Iуэхур ипэкIэ щыкIуэтар Езид тэмэму къэпсэльэжа иужьщ.

Махуэ гуэрым, Езид дежи Капитанрэ Заурбэчрэ щIэсу, цIыху зыщыплI щIыхьащ, я министр инэралыр я пашэу. Министрым Езид сэлам ирихыу и Iуэху зытетхэм щIэупщIа иужь, следователхэм захуигъаззэри ящытхъуащ:

- Афэрым, афэрым, щIалэфIхэ, фи лэжьэгъум деж щIэупщIакIуэ фыкъэкIуащ. Тэмэму фщIащ, тевгъэу тIэкIу. Иджы зэманым зихуэжащ, сымаджэ ухъуамэ уи ныбжьэгъухэм, лэжьэгъуэхэм щIагъэуэ укърадзэжыркъым.

Министрым и псалъэр ихуахуэ фэщиплъым, Капитан абы зыхуигъэзащ:

- Ныбжьэгъу министр, хуит дыкъощI дыщIэкIыжынкъым.

- Фи щысын ирикIуамэ, фыщIэкIыж, ауэ сэ сыкъызэрыщIыхьам щхьэкIэ фыщIэкIыжынумэ, фыщыщ. Сэ куэдыщ дыдэри зыслъэжьну зэманри сиIэкъым, мы си ныбжьэгъужьым и Iуэху зыIутыр ззэгъэлъагъуну сыкъэщIэлъэдауэ аращ.

Зэрыжиlам хуэдэу, куэдри щымыщ щIэкIыжащ министрыр.

- Къызэрызжаlамрэ уззрыслъэгъумрэ шурэ пхъэсрэ я зэхуакущи, ар Тхьэм и шыкурщ, - жиIащ министрым. - Умыгузавэ, ухъужинщ, ТхьэмжиIэмэ, уныщIэкIыжмэ, бдзэжьеящэ дыкIуэнщ.

Езид къыпигуфIыкIри, министрым фIыщIэ хуищIащ щIэупщIакIуэ къызэрыщIыхьам папщIэ, къызэрыхуэкIуар и гуапэ зэрыхъуар и псалъэхэм къыхэощ. Езид куэдкIэ нэхъыфI хуэда щхьэкIэ, иджыри къагъэтэджыртэкъым. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIи, щIэх дыди къагъэтэджыну къыщIэкIынутэкъым. А пщыхьэщхьэм фIыуэ щысащ Капитанрэ Заурбэчрэ, я лэжьэгъум и Iуэху къызэрекIуэкIауэ къыигъбзыгъыж псори жрагъэIэжащ.

- ТIэ, зыпэтщI димыIэ ди полковникыжь, дежьэжынщ дэри, хэлъ, зы щхьэкIи умыгузавэ. Iуэхур зытетыр тэмэму къыджеIэкащи, ари куэд и уасэщ, - жиIащ Заурбэч, къэтэджыжажэ иужькIэ.

Ахэр мыпIащIэурэ гъуэгум ирикIуэрт, щыму, тIэкIу хэгупсысыхьауэ. Тхьэм ищIэт зэгупсысыр, я лэжьэгъу нэхъыжьым къажриахэр я щхьэм щызэрагъэзауэ хъунт. Ахэр зэщIэзыубыда гупсысэм къыхихыжжащ гъуэгум къащыхэзащ.

- Мыр сIIо, Мухьэдин, хуабжьу ухэпIьэрэ, уи ныбжьэгъуэхэри умыIъажгъужу! - лIым щыжиIэм, тIэкIуи къэщтауэ, Капитан и щхьэр къиIэтащ.

- А-а, уэрэ мыр, Натбий, къысхуэгъэгъу, пэж дыдэу сыхэгупсысыхьат... Дауэ фыщыт псори? - жэуап итащ Капитан. - Куэд щIауэ къуажэмкIэ укIужа, си ныбжьэгъужьри дауэ щыт, сыт и псэукIэ?

- ФIыщ псори, Тхьэр фIыкIэ къыпщIэупщIэ. А уи ныбжьэгъужьри а зэрыщытащ, нэхъ щIалэ хъужауэ пIэрэ жыдоIэ! - дыхьэшхащ Натбий.

- Уа, Натбий, ильэс дапщэ хъуа Мыскьуд? - щIэупщIащ Капитан.

- Гъэ дзыкъэкIуэ ильэс бгъущI хъунущ, Мухьэдин, ильэс бгъущI.

- СIIо, сыт пщIэжэр, Натбий? Хуабжьуи зыкъипхрэ, - дэгушIащ абы Капитан.

- Уэлэхьи, зыкъисхыныи сигу къэмыкIа. Модэ мо котельнэм и бгъумкIэ зы бомж гуп щопсэу. Абыхэм ящыщ зы зэрауклрэ куэд щIакъым. СфIэгуэныхь хьуэрэ зззэмызэ ахъшэ тIэкIу есту щытащ абы. Иджы хьэдэIуэ хуэтщIынущи, зыгъэр къыпхэплъхьэн жаIэри къызэIуакIати, тумэн зыбгъупщI яхуэсхьауэ сыкъэкIуэжу аращ.

- ЗэрыжьIэмкIэ, унэнщэхэри уи ныбжьэгъущ, - дыхьэшхащ Капитан.

- Си ныбжьэгъури сыт... ТхьэмыщкIэ мыгъуэр Долинск къыщагъуэтыжащ ящыIуэу. Ар фэри зэхэфхуэ щытын хуейщ. СщIэркъым зытраукIыхьари, нэхъ къаугъэншэ Алыхьым къигъэщIам яхэту къыщIэкIынтэкъым.

Куэдри зэбгъэдэзатыжьым ахэр. Къежьэжу, пъэбакIуэ зы тIощIырыпщI хуэдэ къачауэ, Заурбэч къызэщIэувыыкIащ:

- Капитан, а лIым жиIар зэхэпхакъэ, щхьэ нэхъыбэкIэ упкърымыупщIыхьар?

- НакIуэ, накIуэ, шынэхъыщIэ, абы ищIэ порри къыджиIащ.

- Дауэ къызэрыджиIар?

- Дауи щхьэуи хэмылъу... Бомжым и хэщIапIэр къыджиIакъэ, къыджиIащ. АтIэ дэ нэгъэщI дыхуейкъым афIэкIа. Адэкlэ ди Iуэхужщ...

- Ари пэжщ, - арэзы хъуащ Заурбэч, - накIуэ, иджыпсту дыгъакIуэ-тIэ, етIуанэ Iуэху дымыщIыжу.

- НакIуэ, накIуэ! Абы дыщыкIуэнри къэсынщ...

Капитан игу ирихьащ Заурбэч и набдзэгубдзапIьагъыр, игу ирихьа къудей мыхъуу, щыгуфIыкIащ.

- Капитан, - къригъэжьащ Заурбэч, сыхьэтым епIри, - уи жагъуэ умыщIынумэ, мы къэнэжа зэманым щхьэкIэ, сэ лэжьапIэм щIэзыжьынутэкъым. Сэ, уэ пщIэркъэ, сыщIалэщ...

- Хьэуэ, - зэпиудащ абы и псалъэр Капитан, - унэкIуэжынущ. Зыкъом щIаэ дыщIэсхьым, хэт ищIэрэ, зыгуэр къыптхьыхъуагъэнкIэ мэхъу.

- А, зи унагъуэрэ, епIыт мы сыхэтым...

- СощIэ сэ сыхьэтыр зэрыхъуар!

Ахэр я пэшым щIыхьэжри дакъикъэ зытIущ нэхъ дэмыкIауэ, Исуф къыщIэпкIащ:

- Дэнэу пIэрэ нобэрей махуэм къыщыфкIухьэр? Сыт щIауэ унафэщIыр къыфлъыхъуэрэ фэ!

- Япэрауэ, шынэхъыщIэ, сыхьэтитI къудейщ дызэрыщIэмысар, ди лэжьэгъу нэхъыжь, ди унафэщI сымаджэщым щIэлъти, щIэупщIакIуэ дыщIащ. ЕтIуанэраУэ, дэнэ дыщIами си Iуэхуу хэлъыр сыт хуэдиз? - и нэ сэмэгур щIиукъуанцIэурэ жиIащ Капитан, иужькIэ Заурбэч зыхуигъэзащ:

- НакIуэ, къыптпхьэхуар зыхуейр зэдгъэщIэнщ...

- Япэрауэ, ар щIэскъым - министрым ириджащ. Си пщэ кърилъхьауэ зэрар къызэрыфлъыхъуар вжеIэжыну. ЕтIуанэраУэ, си псэм хуэдэхэ, фымыщIэми сщIэркъым, ауэ нобэ щыщIэдзауэ райотделым и унафэщI ЩхьэхуэсфI Мурат сризаместителщ, мис а IукIыжа Борис и пIэкIэ! Ар зыщыымыгъэгъупщэ!

- ТIэ, ЩхьэхуэсфIым урикъуэдзэщ жоIэ, - къригъэжьащ Заурбэч, дынохъуэхъу, пхузехьэн Тхьэм ищI.

- Япэрауэ, ныбжьэгъу Заурбэч, срикъуэдзэкъым, сризаместителщ. А тIур зэхъыымыгъэзэрыхь. А къуэдзэ псалъэр зэрымыхъур фIыуэ ящIэу ягъэкIуэдыжат адыгэми, зыгуэрхэм, батэр ягъэша хуэдэ, къыдалъэфыжащ. Аращ Iуэхур зэрыщытыр. Пейтенант нэхъыжь фIэкIа мыхъуауэ, унафэщIым и къуэдзэу куэд ягъэувырыым. Ар зэгъащIэ, Заурбэч. Мыдрейуэ, пхузехьэн Тхьэм ищI жыхуэпIэм къикIри къызэгурыIуащ. Схузехьэнущ, умыгузавэ! Иджы къулыкъур зепхэну зыми щыщкъым, бубыдыну нэхъ гугъущ. Зэ бубыда хъуамэ, зэфIэкIащ!

Исуф ирихьэжьауэ Iэджэ жиIэрт, Капитан, бзагуэ хъуарэ и жьэр хуэзащIэмыхьажу, щытт, абы еплъу. Заурбэч зззэмызэ зыгуэрэкIэ Исуф иридзырт, арщхьэкIэ Исуф зыри зэхихьжьртэкъым, щIихьауэ ирикъутэкIыт. Хуэмышзчыжьыхxэ щыхъум, тутын кърихри, Капитан пэшым къыщIэкIащ. Абы къыкIэлъыплъщ-къыкIэлъыплъри Исуф, тIэкIуи зэгуэпауэ жиIащ:

- Начальникыщ1эм едэIуэну хуейкъым, гурыIуэгъущ. ЯгъэщIакIынкъым, едгъэсэнкъэ мыбы сыт къыжьэдэкIыну пIэрэ жиIэу ди Iуфэльафэр къижьихьу!

- Уа, Исуф, уи жьIэкIэу жыслэнщи, зэкIэ урещыкъым начальникым! ЗанщIэу къулыкъушхуэ къуатыныи щIагъуащэкъым, зэрызыпщIынур кушхуэмыщIэуурэ, уи гъащIэ псокIэ птемыкIыжьи хъуэн къэблэжьынкIэ хъунущ. Абы хуэсакъ! Арыншамэ, къызжиIакъым жумыIэж, хъунри къэблэжьаурэ лэжьапIэми укъытрахужауэ уэрамым ужьыдэнэмэ, сыкъэпщIэнщ.

- СIIо, пэщан, сыбгъэIуущу ара? - хъуаскIэр схьыщIихащ Исуф и нэхэм. - Уэ тIэкIу удопсэльэиIуэ, узэпсальэри пщыгъупщэжауэ!

Исуф пэшым къыщIэжьыжри, зэрифIэщкIэ бжэр иридзылIащ. АпхэздзэкIэ ину иридзылIати, гъунэгъу пэшым щIэсхэр къыщIэплъащ. Тутын ефэу бжьыгуэ Iут Капитан, гурыщхьуэ гуэрхэр ищIауэ, тутын кIэфыр хьфIидзэри щIыхьэжащ. Блыным къыкIэрылъэлъаxэр бжэм и хъуреягъкIэ щылът. Абыхэм ней-нейуэ еплъри, Капитан щIэупщIащ.

- Сыт а Iэуэльауэшхуэ зэхэсхар зищIысыр?

- Зырикl... Исуф зыхихьхьа хьэлыщIэ гуэрхэр дигъэльагъуу аращ.

Капитан и щхьэр хьэльэу игъэкIэрэхъащ.

- Мыр лэжьапIэ тхуэхъуну къыщIэкIынукъым, - жиIащ абы.

И ныбжьэгъу нэхъыжьым и фIэщрэ гушыIэрэ къыгурыIуакъым Заурбэч икIи абы жиIар и гуапэ зэрымыхъуар къригъэкIыу къызэпиплъыхьащ. Капитан телефоныр къытрихри зыгуэрым епсэльащ.

- ХущIэсину, Сэфарбий, тIэкIуро? - хьэмэхэр иджыпсту ущIэкIыжыну? - еупщIащ ар зыгуэрым... - Дэгъуэщ, абы щыгъуэм Заурбэч сэрэ дыныпхуейуэ дыноклI... ПщIэн хуейри? Зы мэл букIынщ, сэ сщIэ мыгъуэрэ абы хуирикъун фадэ... Сэ лейуэ щхьэ жызбгъэIэрэ ахэр! - дыхьэшхащ Капитан. - Дэгъуэщ.

Капитан трубкэр трилъхьэжри, Заурбэч зыхуигъэзащ:

- НакIуэ, Iуэху диIэщ.

- Уа, Капитан, сэ Iуэху сиIэщ, си щхьэ Iуэху! - къэхъащащ следователь щIалэр. - Нетlэ сымаджэщым дыкъыщIэкIыжым бжеIатти ар!

- Куэдрэ уи щхьэ Iуэхур къэбгъэнэн хуейр хъунущ, мылищэм ущылъжьну ухуеймэ, щIалэфI, ауэ ухуэмеймэ, абы и Iуэхур щхьэхуэщ.

- СIIо, мылищэм щылажьэм я щхьэ Iуэху зэрамыхуэжу ара жыпIэнур?

- Зэрахуэж, сыт щIызэрамыхуэжыр, ауэ лжьыгъэ Iуэху, къэрал Iуэху щыщымыIэм дэж.

- А уэ жыхуэпIэм хуэдэу зэи къэхъурыкъым...

- Къохъу, ауэ ззэзмызэхxэщ къыщыхъур!

Заурбэч гъумэтIымэурэ щIилъэфри, ахэр адрей райотделым, Езид къыщыщIахэр щызэхагъэкIым, кIуащ, Iуэхур зыIыгъ следователым дэж.

- Догуэ, абы нэс лъэсу дыбгъэкIуэну ара? - къызэщIэувыыкIащ Заурбэч, и гъусэр автобус къэувыIэпIэм къыщыблэжьащ.

- Ар нэс сытми! КъакIуэ, къакIуэ, нобэ нэхъ щIалэ ухъужьнукъым.

- Мис иджы сэ къызгурыIуащ, си дыщэ плъыжь, уэ капитаным ущIыфIамыгъэкIыр!

- Сыту пIэрэ?

- Мы жьлэм къелъжа машинэр уэзримыIэрц. Хэт уэ удэзыгъкIуэтеинур, лъсу къэпкIуэну уэрамыжьым удэту? Зыми!

Ахэр райотделым щынэсам, Сэфарбий къежьэу бжэIупэм Iутт.

- ФынакIуэ, фыныщIыхьэ!

ЩIалэхэр хуэму мылищэм я унэшхуэм щIыхьащ.

VII

КАПИТАН тIэкIу къикIухьыну къыщIэкIа хуэдэ, бомжхэм я хэщIапIэм зыблригъэх-зыкъыблригъэхыжырт мазэ зыщыплI хъуауэ. Зыблригъэх хуэдэу зищI щхьэкIэ, набдзэгубдзапIьэу якIэлъыплъырт. Бомжхэми фIы дыдэу ящIэ я хэщIапIэм щIэ гуэр къыщихьэр. Абыхэм яцIыху а куейм щыпсэуэхэр, я тепIъэкIи щыуагъэншэу къащIэ, хэт зы сом щхьэкIэ уелъэу хъунуми, жыжьэу къацIыху зыри къезымыту бзаджэ къажезыIэнуэхэри. Иригъэсащ ахэр апхэздзэ хэкIыпIи хэпIыпIи зимыIэ гъащIэм.

Капитан и нэгур ягу ирихьащ абыхэм, ирихьа мыхъуу, нахьыфIу ялъагъухэм хабжащ. ЯIащ абыхэм цIыхуфи цIыху Iеи, езыхэм я щапхъэхкIэ къапщу. Зззэмызэхxэщ а щапхъэм ахэр къыщигъапщIэр. Бомжхэр щыт зэрыхъур. Ауэ зззэмызэ зыгуэрхэр хэщIапхъэхуам хуэдэу, псынщIэуи кIуэдыжьыр.

ЕщанэкIэ махуэм, пшапэ зэхэуэгъуэм, зэрихабзэу, Капитан бомжхэм я дежкIэ къыблэкIыжыр. Япэ махуэм къыщыщIэдзауэ Капитан нэкIэ къилъыхъуэрт ахэр нэху къыщекI щIыпIэр, арщхьэкIэ, сыт имыщIами, игъэтыпэтэкъым. КъыгурыIуэрт ар зэрымыжьжьэр. Бомжхэр махуэ хэсу зытес тетIысхьапIэ кIыхьым адэIуэкIэ гараж зыщIипI щытт. «Гараж щIыбагъэр арагъэшIу... - егупсысащ Капитан къыздэкIуэм.

Ныщхьэбэ ахэр тIу фIэкIа хэхъужьрэ, нэхъ щIалэIуэр, зи лъакъуэ ижьым сэкъат иIэр, яхэскъым. Абыхэм гъунэгъу къахуэмыхъу щIыкIэ абы гу лъитат Капитан. Ноби и закъуэтэкъым - ар щIэх-щIэхыурэ къэт и хабзэт. Зымахуэ Капитан гу лъитащ абы сумкэ фIей дыдэ, лжьэзпэуэ, иныгъыу зыщIыпIэ кIуэуэ. Иджы ар дыдэр иныгъыу абыкIэ къыкIыж. Сумкэм зыгуэрхэр изу иитащ, щIакъхуэ тхъуэпIэ хъуреишхуи IэкIэ иныгъщ. «ПщIыхьэщхьэшхэ ящIыну аращ, шэч хэмылъу» - егупсысащ Капитан икIи тIэкIу нэхъ хуабжь зищIащ, ар тетIысхьапIэм къыщIыхьэжьым ирихьэлIэу езыри нэсын хуэдэу. Апхэздзэри хъуащ.

Капитан нэхъ хуэм зищIыжри, бомжхэм сэлам ирихащ, мащIэу и щхьэр игъэщхьри. Мыдрейхэри къыщыгуфIыкIыпэу сэлам кърахыжащ. «Дэтхэнэрамэ, языхэзыр пщэдджьыжь псэлъэгъу сщIынщ, ахъшэ гуэрхэри IэщIэслъхьэнщ» - егупсысащ Капитан. Апхэздзэри ищIащ. ТхьэмахуитIым нэблагъэ тригъэкIуэдащ Капитан бомжхэм дзыхь захуригъэщIыным. Ауэ сыт хуэдэу мыпIащIэми, фIыуэ ищIэрт абыхэм я дзыхь къужьыгъэщIынэм зыри зыщIэрымыкIынур.

А пщыхьэщхьэм Капитан, чэф нэпцIышхуэ зищIауэ, и гуфIакIэми зы бжьэ дэту, бомжхэм къаблэкIыжырт. Нэхъапэхэм хуэдэу сэлам ирихьу къимыгъэнэжу, Капитан ахэр зытес тетIысхьапIэ кIыхьым и кIэм пытIысхьэри, ящыгуфIыкIыпэурэ и бжьэр и гуфIакIэм къыдихри игъэуващ. Бомжхэр абы ней-нейуэ къепIащ. Зым къэзэкъуипхъэгъри, зэгъэр цыджанэу щыта гуэр бжьэм трипIащ.

- Мыбы зы мылищ щIалэжь цIыкIу гуэр блокIри, тIэкIу дефауэ сыту дыкъилъагъуми, деубзрэжь IэштIымкIэ, - жиIащ абы, кIэзызу, шынарэ и хъуреягъыр къызэпиплъыхьу.

- НакIуэ, нех ди дежи, - жиIащ бомжхэм я нэхъыжьым, - моуэ мыбдежщ, мо гараж щIыбымкIэ, котельнэ дыдэм хуэзэу.

- НакIуэ, - зыкъомрэ егупсуса иужь жиIащ Капитан, икIи къыфIэмыIуэхукъыфIэмыIуэхуу жиIащ:

- Фымыгушыlэмэ, сыт сыныщIэмыкIуэнур?

- Дэ дыгушыIэжыфырыкъым, тщыгъупщэжащ ар зищIысыр, - жиIащ я нэхъыжьым.

ЩIэх дыдэу аэрэ гараж щIыбым къыщIухытащ. Псы хуабэр щIы щIагъым зэрыщIэзекIуэ бжьамий гъымыщIэхэр щызэблэкI щIыпIэм деж иIэ ихьэпIэм и щхьэр техат. «Нихьэ» - жыхуиIэу, нэхъыжьым и щхьэр ищIащ. Капитани, дзыхьыщ имыщIурэ, мащэм ихьащ. И ныбжьыр балигъыпIэм зэрыфIихурэ куэд дыдэ щIами, иджыт абы апхэздзэ псэукIэ щилъагъур. Япэрауэ, «пэшыр» Iэхуитлъэхуитт, бгъэфIт икIи кIыхьт. Хуабэмрэ гъуэтэрымэмрэ Капитан зэуэ я къыIурыуэри, и щхьэр и Iэуэнэзащ, «Пэшым» гъуэлъыпIилI щIэтт, абы гъэзлъыпIэкIэ уеджэ хъунумэ, ауэ цIыху зэрыщIыжейр IупщIт.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).



Сурэтыр **Сэкъуий Хьэмид** *ищIащ.*

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Унафэ

Фыздыхуеймфыщызэхуэс

Урысей Федерацэм и Конституцэ судым къэралым и щIыналъэхэм я унафэщIхэм яхуидакъым зыгъэркIэ мыарэзы щIыхуэзэ щIыпIэ яхуэгъэлъэгъэным теухуауэ щIыпIэхэм хабзэу щагъэувар. КъыщIэмэ, Конституцэ судыр Коми Республикэм кьикI тхьэусыхафитIым хэплъэн хуей хъуащ. Тхьэусыхэр зытеухуар къалэм и утыку нэхъыщхьэм, къэрал Iуэхущ1ап1эхэм ущцызэхуэс, абыхэм метр 50-кIэ уапЬIумыкIауэ пэкIуебгъэкIуэкI зэрымыхъурщ, республикэм апхуэдэ унафэ къыщыщатащ.

ТхЬэусыхэхэм зэрыжаIэщи, щIыхуэзэ зыгъэпIейтей Iуэхуэхэм зэхуэсу, мамыру тепсэлъыхьыну яIэ хуитиныгъэр щIыпIэ унафэщIхэм зэрытрахам кIыщынэмыщIауэ, УФ-м и Конституцэм жиIэм ебэкъуащ: цIыхум и хуитиныгъэхэр зыгъэмащIэ хабзэ къэралым и хэгъэгухэм кьыщащтэ хъункъым. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Коми Республикэм и закъуэкъым Конституцэ судым и унафэр зыхуэгъэзар, абы тетын хуейщ зэрыкъэралу. ИкIи хэгъэгухэм я депутатхэр пэкIум теухуа ахбэзм хэпльэжу Конституцэ судым и жыIэм тету зэрахъуэкIыжьын хуейщ.

Коми Республикэм щыщу пэкIу щрагъэкIуэкIыну зыхуамыдахэр хуитщ хабзэм кьемызэгъу унафэ зэращIам е лъэIу тхьлъ кьыщIалъхьам теухуауэ зыри зэрамыщIам кьыхэкIыщ, ар зи кьалэным етхьэкъуну (УФ-м и Конституцэм и 53-нэ статьэ).

● Щыуэпс

Хуабэр фIыт, ауэ...

Си ныбжьым кьрибубыдэу мыпхуэдэ бжьыхьэ слъэгъуакъым, жызыIэр куэдщ. Гъэм и зэман псом щхьэкIи ардыдэр тхужыIэнущ, дунейм и щытыкIэм нэрылъагъуу зехьэужри. Къащтэмэ, щыIэжхъым дыщыщIыкIым ди бгым нэс дызыхэщатэу щыта уэсыр. ЩыIэм хэт хуейр? Си щхьэкIэ хуабэ защIэу щызгъэтынт, ауэ щыуэпсым и зыхъуэжыкIэм гугъуехь куэд кьызэришэнур гурыIуэгъуэщ.

УРЫСЕЙМ и Гидрометцентрым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Вильфанд Роман мы Iуэхум теухуауэ жиIэм дыщыгъуазэмэ нэхъыфIщ, ди псэукIэмрэ ди лэжьэкIэмрэ щыIуэпсым и щытыкIэм кьыгуэхьпIэ имыIэу епхащи.

- Урысейм ику щыIалъэхэм щыIэ температурэр иужьрей илъэс 30-м градус 1 - 1,5-кIэ нэхъ хуабэ хъуащ, - жиIэ Роман. - Дунейм куэдрэ ущроихьэлIэ хуабэмрэ щыIэмрэ зэм нэхъ ткIий, зэми нэхъ махэ хъуу. Ауэ, щIэныгъэлIэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, иджы хуэдэу щIэгъэхуэбжьауэ хуабэм щыIэр тригъэкIуэтакъым. Псалъэм папщIэ, Москва щIымахуэр градуситкIэ нэхъ хуабэ щыхъащ. Ар 3-м нэсмэ, Москва и жьыуэпсыр (климатыр) Краснодар ейм ещхь хъунщ, Санкт-Петербург - Софие.

● ГъэщIэгъуэнщ

Iуащхьэмахуэ телъэтыкIыу

Маэзм ягъэкIуэнщ роботхэр

«Роскосмос»-м и мурадщ космонавтхэр щагъэхьэзыр центр Кавказ Ищхъэрэм къыщызэIуихыну. Iуэхущ1ап1эм и унафэщI Рогозин Дмитрий жиIащ мы лэжьыгъэр етIанэгъэ щаублэну Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгу зыбжанэм. Абы къызэрыхигъэщащи, Iуащхьэмахуэ ящыщщ, зэман дэкIмэ, Маэзм щыIэныгъэ базэ щызыIухуэну роботхэр щагъэунэхуну щыпIэхэм.

МЫ IУЭХУМ Кавказ Ищхъэрэм щIэныгъэ лэжьыгъуэ щекIуэкIыр иригъэфIэкIуэну къыхьыт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэкIэ ар мащIэ дыдэщ. «РИА Рейтинг» агентствэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм къыгъэлъэгуараща, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэращ абыхэм щIэныгъэ лэжьыгъэу щекIуэкIымкIэ иужь дыдэ итыр: ди республикэр 71-нэ увыпIэм Ингушыр, Шэшэныр и Ингушыр - 84, 85-нэ увыпIэхэм (зэрызэкIэлъэкIыкIуэм хуэдэу).

ЩIэныгъэм щемыIалIэ къэралым экономикэ зыужьыныгъэ зэримыIэнур гурыIуэгъуэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, 2018 гъэм Кавказ Ищхъэрэм экономикэмкIэ Урысейм щиубыда увыпIэр а щIэныгъэмкIэ ди Iуэхур зытетым хуэдэ бззщ.

Кьэбзэрдей-Балькъэрым щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ и Iуэхур щIэнэхъыфIыр республикэм Урысей академием и щIэныгъэ центр щыIэщи араща. «Фундаментальная, прикладная, инновационная» жиIуалIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкI ди центрым и Iэщ1ап1эIуэр хуэхъэзырщ компаниехэм робот-автомойщик, робот-ретейлер, нэгъэущIхэри яхуищIыну.

КьыхэгъэщынпхъэщI, Шэшэн, Ингушэ республикхэмми 1990 гъэхэм япэкIэ щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIыу зэрыщытар. АрщхьэкIэ зауэм кьанэ щымыIэу зэтрикъутащ, псом хуэмыдэу щIыдагъэ кьыщIэзыщ, абы щелэжь, щIэныгъэ лъабжьмэ быда зиIэ заводышхуэхэр. ЩIэныгъэлIхэри зэбгрыкIащи, иджы щIэрыщIэу цIыхухэр ирагъэджэну, щIэныгъэм драгъэхьэхыну кьапэщIыпхъ. Iуэхур кIуэтэну кьыщIэкIынущ, Шэшэн Республикэм и Правительствэм и унафэщI Хучиев Мусльимрэ ЩIэныгъэмкIэ Урысей академием (РАО) и президент Зинченкэ Юрийрэ зэращIыпIа зэгурыIуэныгъэм тепщIыхьмэ. Иужьрейр ди гъунэгъуэхэм къадэIэпыкъунущ щIэныгъэ программэхэр ягъэбелджылыныкIэ.

Фундаментальнэ къэхутэныгъэхэмкIэ Урысей фондым и унафэщIым и къуэдзэ Косоуров Виктор жеIэ я Iуэхущ1ап1эмрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ зэдэлэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы дэтхэнэ хэгъэгуми и щIэныгъэ лъабжьэм зригъэжьынущ, щIэныгъэпI ныбжьыщIэхэм гулъытэ яригъэгъуэтынущ, икIэмикIэжьм, а псори экономикэращ зытелэжьэнур.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Усэ лъагъуэ: Къармэхьэблэ - Москва

● ТхылъыщIэ



Къэшэж Иннэ и усэ лъахэр гуапэщ, щабэщ, лъэщщ, кьабзэщ. А лъахэм и лъагъуэр Кавказырыщ, Къэбэрдейрщ, Iуащхьэмахуэрщ, Налшыкщ, Къармэхьэблэщ...

УСЫГЪЭ лъахэм гъэзугущхьибл щызэхэкIым, дэтхэнэми усыгъэ лъэщым и нэху тредзэ. АтIэми, усакIуэм и сатыркэр ирешэлIэж адэжь щIынальэм. ЛъыкIэ, пэкIэ, IэпкьлъэпкьыкIэ Иннэ пыщIащ Хэкум. Усэхэм уи пащхьэм сурэт щащI псалъэ кьыхэщыпыкIахэмкIэ. Дыкьеджэнрэ, ди нэгу кьыщIоувэ Балъкъ псыхъуэр, Налшык и узрамкэр, даIуощIэ Иннэ и адэм, и анэм, и цIыхугъэ куэдым, кьытщIехьэ лэкъум хуабэм и мэр... Кьэшэж Иннэ и усыгъэм псэр епсыхь - дунеяплъэ ирешажьэри, гупсысэкIэ кьрешэлIэж.

Дыжьыуэныкъуэт лъэпкъыр дызыгъэфIа усакIуэм и тхыгъэхэм анэдэлъбзэ яIуры лIыхьэныр. Къармэ Iэсият зэриздэкIа усэхэр щыIэхэуэсхэсащ «Лъабзэ» тхылъым. Ар «Черкесика» серием и нэIэ щIэту кьыдэкIащ, абы и редакторыр ХьэфIыщIэ Мухьэмэдщ. «Къэшэж Иннэ и усэ псынащхьэхэр» фIещIри, ХьэфIыщIэм и гупсысэхэмкIэ тхьылъыр кьызэIудох, псынащхьэ кьэси Iуфыгъуэ зыIудох хуэ. «Уэс щаджэнэплъхэм я псысэ» жиIэ Къармэ Iэсият, Къэшэжым теухуауэ и гупсысэхэр кьыщызэщIикъуэжкIэ.

Иннэ и усэхэр сатыр кьэс зэрызыхищIар, псалъэ хэс зэригъэвар щыболъагъу Iэсият и деж. КIуэраракъэ, зым и усыгъэ лъэмыжым мыдрейр кьыптеувэу кьыпэплъэу, абдежым усэм и Iунэхэмрэ и щхьэхэмрэ щызэIэпахам хуэдэщ. Къэшэж Иннэ щIыпIэм трипхъэ усэ жьлэкэр кьыщыхьэкIыкIа щIыпIэхэм Къармэ Iэсият ирикIащ - нэгъэущIу усэм и купщIэр кьихьэсыфынтэкъым ди деж.

Къэшэж Иннэ и усэхэм ящыщу цIыхубзм нэхъыбэ дыдэрэ зэпадзыжкэр адыгэбзэкIэ Къармэ Iэсият кьызэригъэпсалъэм и щадкIэ зыбжанэм дежеплъыт...

Сэращ - Кавказыр. Сэ сщыщыпсу
уэсэпс Iумылырщ здытехар,
дуней хъурейр ди щIэщыгъуэпсу
нэ телъыджитI щызэтехуар.

(«Сэращ - Кавказыр»)

* * *

Уей мэлыхъуэ бжьамийхэр бзэрабзэу,
Уафэрысу макъамэр зи удж,
А уэрэдым и дамэр схуэхъуапсэу,
Бгырыс псысэуэрэ лъыр кьысфIоудж.

(«Къэбэрдей»)

* * *

Пшынэ Iэпэр убзэурэ бзэрабзэу,
Зэм зимыгъэнщIыжу укьилыпщIт...
Зэми Iущэщэжьырт, хур хъыджэбзу -
Iэсэу хэщэтыкIыу кьэгумэщIт.

(«Къафэ»)

* * *

Мис иджы, пщащэ цIыкIуэ, фи кIуэдым,
ПIалъэу зэ фхурабзам фыльэIэс...
Си дэлъху уардэхэм я натIэщ ныдым
ПыIэ къуащэхэр ныщхьэрагъэж.

(«Къармэхьэблэ нысашэ»)

* * *

Къыщэпсэлъэж, си адэ, адыгэбзэкIэ,
НэгъуэщI нэхъ мыхъуми, зэ дегъэпщIыхьыж,
Бгъэджэгуу псысэм и макъыбзэ шхуэIур
уздыщагъафIэ лъахэм дигъэхьэж.

(«Къыщэпсэлъэж, си адэ, адыгэбзэкIэ»)

2019 ГЪЭР Къэшэж Иннэ и илъэсу игъэуващ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм. Илъэсми мы тхылъри хуэфащэн хэлъхьэныгъэщ. Тхылъыр щызэбгрокI адыгэ унагъэхэм, абыхэм щоIу Иннэ и усэбзэр! УсакIуэм дыщыгъущ, тхылъым и япэ нэкIуэцIэхэм щегъэжьауэ. ЖиIэр зыхьидощIэ, дольаГъу, доIепйетей. УсакIуэм и нитIым щыщIэплъэ хуэдэщ... АтIэ сыту кьабзэ ахэр! Тхылъыр зэгудоIэжри, сатырхэр дзапэусэу кьытхуонэ, Иннэ и нитIри ди нэгу зэрыщIэтщ!

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Бокс

Олимп Джэгуху зыхуагъэхьэзыр

Урысейм боксымкIэ и чемпионат Самарэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ зи ныбжьыр илъэс 19 - 40-хэм кьриубыдэ, къэралым и щIыналъэ 65-м кьикIа спортсмен 298-рэ. Я хьэлъагъ елъытауэ ахэр гупипщIу гуэшауэ щытащ.

ГУАЩIЭУ зэпэщIэтахэщ, сыт щхьэкIэ жьыIэмэ 2020 гъэм екIуэкIыну Олимп Джэгухэм Урысейм и гупу хэтынур абы къыщыхахырт.

Зи хьэлъагъыр килограмм 81-м нэблагъэхэм я зэхьэзэхуэм жэз медалыр къыщихьащ икIи къэралым и гуп нэхъыщхьэм хэту зигъэсэну ирагъэблэгъащ ди лъэпкъэгъу Мэзыхьэ Разиуан. Финал ныкъуэ зэпэщIэтыныгъэм ди щIалэр къыщыхигъэщIащ Шэшэным щыщ, студентхэм я дунейпсо чемпионатым щытекIуэ Хатаев Имам.

Кьыргъызымрэ Кисловодскрэ зыгъэсэныгъэхэр щрагъэкIуэкIа нэужь, къэралым и командэ кьыхэхар иужьрейуэ Налшык щызэхуэсынущ. Гуп къэс щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ 2020 гъэм и мазаем щызэхьэзэхуэнущ «НэхъыфIхэм я зэпеуэм». Абы пашэныгъэр щыIэныбджэгум Iэмал игъэтынущ Олимп Джэгухэм и пэ кьыхуэу Лондон лицензэ щату щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм кIуэну.

КЪЭХЪУН Бэч.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1ап1эм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балькъэр» программэхэр къэзыт телекомпанием, «Налшык» жьлагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балькъэр» къэрал телерадиокомпанием», «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзап1эм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэр **Беппаев МутIалип Азнор и къуэм** хуогузавэ, абы и къуэш **Беппаев Мухьэммэт Азнор и къуэр** зэрыпIам къыхьхIыу.

● Италие, Венециэ

Италием и къалэ цIэрыIуэхэм ящыщ Венециэ ныбжьышхуэ иIэщ. Ди эрэм и пэкIэ лIэщIыгъуэ етхуанэм я щIыпIэр цIыхухэм псэупIэ ящIат, ауэ къалэ теплъэ щигъэтар ди эрэм и ебгъуанэ лIэщIыгъуэрщ. Абы къыщыщIэдзауэ епщыкIухьанэ лIэщIыгъуэр иухьыу «ГъэзгуI псори а къалэм пхокI» жьыуаIэм хуэдэу щытащ, КъуфхэпIэ Европэмрэ КъуэкIыпIэмрэ я зэблэкIыпIэу. Абыхэм я фIыщIэщ а къалэр зэрыщыту музей пэлъытэу ди зэманым къызэрысар.

2017 гъэм щIэныгъэлIэхэм жаIауэ щытащ дызэрыт лIэщIыгъуэм и кIэм Венециэ псым щIихьэмэну. ЩIыкурытыхьм сантиметри 140-кIэ зыкъиIэтыну жаIэ 2100 гъэм инхьэлIэу. Ар къэхъумэ, Венециэ и мызакъуэу, Италием и хэгъэгу 33-м псыдзэ кьащIэуэнущ.

Мы махуэхэм зыпIэхьакIуэхэм къалэр ябгынэ, нэгъуэщIхэр къэмыкIуэну унафэщIхэр мэлыIуэ. ЩIынальэм и губернаторым жеIэ къалэм и процент 80-м псы кьыщIэлъэдауэ икIи абы хэщIыныгъэшхуэ къыздихьауэ. ЗэкIэ еврэ мелуан 20 трагъэкIуэдэнущ Iэмалымшэ Iуэхуэхэр зэфIагъэкIыным. Ауэ псыр Iэубыдыпхьэншэщ, ар здынэсар мыпхъкушхуэ текIуадэу зэрагъэзэхуэжьын хуей хъунущ. ЗэкIэ псыр къалэм хуиту дэтщ, ар и пIэм щиувэжьнури зыми жиIэфынукъым.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкiэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узышIагъэмрэ щIыуэпсыр хъуэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суръэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуу зэпыту щытхъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.:76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзащ и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1ап1эм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33
12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьяни**э, *редактору* **Жьэкiэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3, 6-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4, 5-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *суръэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 2.060 ● Заказ №1037

Зы мелуаным тригъэгушхуэну пIэрэ?

● Жэрдэм

Къалэ, къуажэ цIыкIуэхэм егъэджакIуэ ягъуэтырыкъым. Аращ «Земский учитель» зыфIаща программэ щIагъэбелджылар. Ар ягъэзащIэу щIадзэнщ 2020 гъэм и щIышIэм. Зы мелуан иратынущ илъэситхукIэ иригъэджэну къуэжьм кIуэм. ЗыхуэзэфIэкIым нэхъыбэ иритын хъунущ. Псалъэм папщIэ, Жыжьэ федеральнэ щIыналъэм унафэ къыщащтащ сом мелуанитI иратыну къуажэм щезыгъаджэм. ЩIэныгъэмкIэ министр Васильевэ Ольгэ зэрыжиIамкIэ, мы ахъшэм налог хагъэкIынукъым.

ЕГЪЭДЖАКIУЭ мини 10-м щIигъу хурикъуркъым Урысейм. Къуажэм щезыгъаджэхэм зы тхьэмахуэм дерс 28 - 30, уеблэмэ 32-рэ зиIэ яхэтщ. Ар куэдыуэщ, егъэджакIуэр йош, сабийкэм щIэныгъэ хуетыжыркъым.

2020 гъэм накъыгъэм и 16-м щегъэжьауэ мэкъуаугъуэм и 15 пщIондэ наIуэ къэхъунущ «Земский учитель» программэм пхыкIахэр, абыхэм зэгурыIуэныгъэ иращIылIэнущ мэкъуаугъуэм и 15 - бадзэуэгъуэм и 20 пIалъэм кьриубыдэу. Абыхэм 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м фIэмыкIыу ахъшэ иратын хуейщ, икIи зыри щIэупщIэну хуиткъым ар зытригъэкIуэдам.

Мы щIыкIэм тету я мурадщ къалэ, къуажэ цIыкIуэхэм егъэджакIуэ мини 4,4-рэ ягъэкIуэну. Федеральнэ бюджетым щыщу абыхэм иратынущ сом мелардиллым щIигъу.

«Земский учитель» программэм хыхьэ хъунущ зи ныбжьыр илъэс 55-м фIэмыкIа, курыт, ищхьэ щIэныгъэ зиIэ, илъэситху нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ егъэджакIуэу лэжьа, илъэсищым - зы еджапIэм Iута, сабийрэ унагъуэрэ зиIэ, дерсхэм кьищыкIэмыщIауэ, кружокхэмрэ секцэхэмрэ езыгъэкIуэкIыфынкъым ящIигъэгъуэ дэтхэнэри.

Iэщ1агъэлIэхэм зэрыжаIэмкIэ, сыт хуэдиз ахъшэ ирагъахьэжьмэ, ар щIэныгъэлIэхэм зэрыжаIэмкIэ, УФ-м и Конституцэм и 53-нэ статьэ, Педагогикэ фалъэ щIэныгъэ зыщIэныгъэ зэхуэсу, Урысей Федерацэм и Конституцэ судым къэралым и щIыналъэхэм я унафэщIхэм яхуидакъым зыгъэркIэ мыарэзы щIыхуэзэ щIыпIэр яхуэгъэлъэгъэным теухуауэ щIыпIэхэм хабзэу щагъэувар. КъыщIэмэ, Конституцэ судыр Коми Республикэм кьикI тхьэусыхафитIым хэплъэн хуей хъуащ. Тхьэусыхэр зытеухуар къалэм и утыку нэхъыщхьэм, къэрал Iуэхущ1ап1эхэм ущцызэхуэс, абыхэм метр 50-кIэ уапЬIумыкIауэ пэкIуебгъэкIуэкI зэрымыхъурщ, республикэм апхуэдэ унафэ къыщащтащ.

ТхЬэусыхэхэм зэрыжаIэщи, щIыхуэзэ зыгъэпIейтей Iуэхуэхэм зэхуэсу, мамыру тепсэлъыхьыну яIэ хуитиныгъэр щIыпIэ унафэщIхэм зэрытрахам кьищыкIэмыщIауэ, УФ-м и Конституцэм жиIэм ебэкъуащ: цIыхум и хуитиныгъэхэр зыгъэмащIэ хабзэ къэралым и хэгъэгухэм кьыщащтэ хъункъым. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Коми Республикэм и закъуэкъым Конституцэ судым и унафэр зыхуэгъэзар, абы тетын хуейщ зэрыкъэралу. ИкIи хэгъэгухэм я депутатхэр пэкIум теухуа ахбэзм хэпльэжу Конституцэ судым и жыIэм тету зэрахъуэкIыжьын хуейщ.

Коми Республикэм щыщу пэкIу щрагъэкIуэкIыну зыхуамыдахэр хуитщ хабзэм кьемызэгъу унафэ зэращIам е лъэIу тхьлъ кьыщIалъхьам теухуауэ зыри зэрамыщIам кьыхэкIыщ, ар зи кьалэным етхьэкъуну (УФ-м и Конституцэм и 53-нэ статьэ).

Фыздыхуеймфыщызэхуэс

● Унафэ

Хуабэр фIыт, ауэ...

Си ныбжьым кьрибубыдэу мыпхуэдэ бжьыхьэ слъэгъуакъым, жызыIэр куэдщ. Гъэм и зэман псом щхьэкIи ардыдэр тхужыIэнущ, дунейм и щытыкIэм нэрылъагъуу зехьэужри. Къащтэмэ, щыIэжхъым дыщыщIыкIым ди бгым нэс дызыхэщатэу щыта уэсыр. ЩыIэм хэт хуейр? Си щхьэкIэ хуабэ защIэу щызгъэтынт, ауэ щыуэпсым и зыхъуэжыкIэм гугъуехь куэд кьызэришэнур гурыIуэгъуэщ.

УРЫСЕЙМ и Гидрометцентрым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Вильфанд Роман мы Iуэхум теухуауэ жиIэм дыщыгъуазэмэ нэхъыфIщ, ди псэукIэмрэ ди лэжьэкIэмрэ щыIуэпсым и щытыкIэм кьыгуэхьпIэ имыIэу епхащи.

- Урысейм ику щыIалъэхэм щыIэ температурэр иужьрей илъэс 30-м градус 1 - 1,5-кIэ нэхъ хуабэ хъуащ, - жиIэ Роман. - Дунейм куэдрэ ущроихьэлIэ хуабэмрэ щыIэмрэ зэм нэхъ ткIий, зэми нэхъ махэ хъуу. Ауэ, щIэныгъэлIэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, иджы хуэдэу щIэгъэхуэбжьауэ хуабэм щыIэр тригъэкIуэтакъым. Псалъэм папщIэ, Москва щIымахуэр градуситкIэ нэхъ хуабэ щыхъащ. Ар 3-м нэсмэ, Москва и жьыуэпсыр (климатыр) Краснодар ейм ещхь хъунщ, Санкт-Петербург - Софие.

Жьыуэпсым зэрызихъуэжьым кьрикIуэнкIэ хъунур ди нэгу щIокI: зэм ямыльэгъуа жьышхуэ кьопщэ, зэми мэзхэр мафIэм е (ираупщIкIар хагъэгъуэщэн мурадкIэ мафIэ щыщIадзэр нэгъуэщI Iуэхущ), зэми уэлбанэ кIыхьым Мухьэмэдщ кьуажэхэмрэ псыдзэ ящIегъауэ. ЦIыхум и узынщагъэм дежкIи щIагъуэкъым мы къэхъур. Япэрауэ, дыхуей-дыхуэмейми, ди Iэпкьлъэпкьыр, ди лъыр лIэщIыгъуэхэм Iуэ и зэманиплIымкIэ япсыхьащи, иджырей щIэблэм хуабэ ягъэлэяр кьатехьэльэнущ. ЕтIуанэрауэ, мыл кьэткIужьхэм япэIуэкIэ щыIа узыфхэр кьэзыгъэщIэрэщIэжьым бактериехэр кьыщIэщыжьыкIэ хъунущ.

Мы Iуэхур экономикэми зэрегуэуэнум шэч хэлъкъым. ЩIы щтам тращIыхьа унэхэр етIысэхыну, щIым щIэлъ бжьамийхэр щэдым кьыхэхутэну шынагъуэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, илъэси 100 ипэкIэ Якутием щауха унэхэм я япэ кьатхэр щIыунэм ещхь хъуащ, етIысэхыурэ. Ямал кьыщыщIэщыжащ узыфэ зэрыщIалъэхэм илIыкIа Iэщхэмрэ хьэкIэкъуэкIэхэмрэ зэрылъ мащIэхэр.

Зэкlэ гъэзэгъуэшхуэ къэхъуакъым, ауэ я къэралым зыхуигъэхьэзырын хуейщ дунейр нэхъ хуабэ зэрыхъум къыздэкIуэну Iуэхухэм. Ахэр унэхэр зэраухэрэм, щIым зэрелэжьми, нэгъуэщI куэдми епхащи, къэралым ипIуэ зригъэщIмэ, къэкIуэнум зытригъэпсыхьыфынущ, армырамэ - нобэ псыдзэщ, пщдей мафIэсщ, пщдейфащIкIэ щIы гуэщIэтащ, бжьамийхэри здихьу. Зэтекъутар зэбгъэзэхуэжьыным мыльхъуи цIыху гъащIэуи ихьыр нэхъыбэщ, зэманым кьыбжиIэм ельытауэ псэукIэр щIэрыщIэу зэтебухуэным нэхърэ.

● Italie, Venecie

Усэ лъагъуэ: Къармэхьэблэ - Москва

● Тхылъыщ1э

Къэшэж Иннэ и усэ лъахэр гуапэщ, щабэщ, лъэщщ, кьабзэщ. А лъахэм и лъагъуэр Кавказырыщ, Къэбэрдейрщ, Iуащхьэмахуэрщ, Налшыкщ, Къармэхьэблэщ...

УСЫГЪЭ лъахэм гъэзугущхьибл щызэхэкIым, дэтхэнэми усыгъэ лъэщым и нэху тредзэ. АтIэми, усакIуэм и сатыркэр ирешэлIэж адэжь щIынальэм. ЛъыкIэ, пэкIэ, IэпкьлъэпкьыкIэ Иннэ пыщIащ Хэкум. Усэхэм уи пащхьэм сурэт щащI псалъэ кьыхэщыпыкIахэмкIэ. Дыкьеджэнрэ, ди нэгу кьыщIоувэ Балъкъ псыхъуэр, Налшык и узрамкэр, даIуощIэ Иннэ и адэм, и анэм, и цIыхугъэ куэдым, кьытщIехьэ лэкъум хуабэм и мэр... Кьэшэж Иннэ и усыгъэм псэр епсыхь - дунеяплъэ ирешажьэри, гупсысэкIэ кьрешэлIэж.

Дыжьыуэныкъуэт лъэпкъыр дызыгъэфIа усакIуэм и тхыгъэхэм анэдэлъбзэ яIуры лIыхьэныр. Къармэ Iэсият зэриздэкIа усэхэр щызэхэсащ «Лъабзэ» тхылъым. Ар «Черкесика» серием и нэIэ щIэту кьыдэкIащ, абы и редакторыр ХьэфIыщIэ Мухьэмэдщ. «Къэшэж Иннэ и усэ псынащхьэхэр» фIещIри, ХьэфIыщIэм и гупсысэхэмкIэ тхьылъыр кьызэIудох, псынащхьэ кьэси Iуфыгъуэ зыIудох хуэ. «Уэс щаджэнэплъхэм я псысэ» жиIэ Къармэ Iэсият, Къэшэжым теухуауэ и гупсысэхэр кьыщызэщIикъуэжкIэ.

Иннэ и усэхэр сатыр кьэс зэрызыхищIар, псалъэ хэс зэригъэвар щыболъагъу Iэсият и деж. КIуэраракъэ, зым и усыгъэ лъэмыжым мыдрейр кьыптеувэу кьыпэплъэу, абдежым усэм и Iунэхэмрэ и щхьэхэмрэ щызэIэпахам хуэдэщ. Къэшэж Иннэ щIыпIэм трипхъэ усэ жьлэкэр кьыщыхьэкIыкIа щIыпIэхэм Къармэ Iэсият ирикIащ - нэгъэущIу усэм и купщIэр кьихьэсыфынтэкъым ди деж.

Къэшэж Иннэ и усэхэм ящыщу цIыхубзм нэхъыбэ дыдэрэ зэпадзыжкэр адыгэбзэкIэ Къармэ Iэсият кьызэригъэпсалъэм и щадкIэ зыбжанэм дежеплъыт...

Сэращ - Кавказыр. Сэ сщыщыпсу
уэсэпс Iумылырщ здытехар,
дуней хъурейр ди щIэщыгъуэпсу
нэ телъыджитI щызэтехуар.

(«Сэращ - Кавказыр»)

* * *

Уей мэлыхъуэ бжьамийхэр бзэрабзэу,
Уафэрысу макъамэр зи удж,
А уэрэдым и дамэр схуэхъуапсэу,
Бгырыс псысэуэрэ лъыр кьысфIоудж.

(«Къэбэрдей»)

* * *

Пшынэ Iэпэр убзэурэ бзэрабзэу,
Зэм зимыгъэнщIыжу укьилыпщIт...
Зэми Iущэщэжьырт, хур хъыджэбзу -
Iэсэу хэщэтыкIыу кьэгумэщIт.

(«Къафэ»)

* * *

Мис иджы, пщащэ цIыкIуэ, фи кIуэдым,
ПIалъэу зэ фхурабзам фыльэIэс...
Си дэлъху уардэхэм я натIэщ ныдым
ПыIэ къуащэхэр ныщхьэрагъэж.

(«Къармэхьэблэ нысашэ»)

* * *

Къыщэпсэлъэж, си адэ, адыгэбзэкIэ,
НэгъуэщI нэхъ мыхъуми, зэ дегъэпщIыхьыж,
Бгъэджэгуу псысэм и макъыбзэ шхуэIур
уздыщагъафIэ лъахэм дигъэхьэж.

(«Къыщэпсэлъэж, си адэ, адыгэбзэкIэ»)

2019 ГЪЭР Къэшэж Иннэ и илъэсу игъэуващ Къ